Исламский университет имени Имама Ашъари

# تَعْلِيمُ الصَّلَاةِ

# КАКИЛ ДАРСАЛ

**Имам ШафигIил мазгьабалда**
***(рахIмату Лагьи гIалайгьи)***

**КIиабилеб басма**

**Хасавюрт 2015**

**تعليم الصلاة КАКИЛ ДАРСАЛ Имам ШафигІил мазгъабалда (*рахІмату Ллагьи гІалайгьи*). Исламский университет имени Имама Ашъари. Хасавюрт-РД. КІиабилеб басма, 2015 - 1437**

Гъаб гьитІинабго тІехь данде гьабун буго Имам ШафигІил мазгъабалда как балеб къагІида къокъго, чара гьечІеб жоги бицун баян гьабизе. ТІехьалъул буго лъабго бутІа: **тІоцебесеб** как балелде цебе хІажалъулел амраби баян гьабизе: каки чури, черх чури ва гь.ц. **КІиабилеб** бутІа жибго какалда хурхарал ишал. Ва **лъабабилеб** бутІаялда рехсон руго хІажаталщинал дугІаби азкарал, гьезул магІнабигун цадахъ.

Аллагьас тавфикъ кьейги киназего!

© Исламский университет имени Имама Ашъари

**تعليم الصلاة КАКИЛ ДАРСАЛ Имам ШафигІил мазгъабалда (*рахІмату Ллагьи гІалайгьи*). Исламский университет имени Имама Ашъари. Хасавюрт-РД. КІиабилеб басма, 2015 – 1437.**

تمت

2. Как бухьиналъул такбир аби ( اَللهُ أَكْبَرُ)............34
3. Вахъунчӏей ....................................................34
4. Алхӏам цӏали ..................................................34
5. Рукугӏ ...........................................................35
6. Игӏтидал (РукугӀалдаса ворхи).......................36
7. Кӏицӏул сужда гьаби .......................................36
8. Кӏиябго суждаялда гьоркьов гӏодовчӏей .........37
9. Ташагьгьудалъе гӏодовчӏей ............................37
10 . Ташагьгьуд ..................................................38
11. (Аварагасде) Ссалат битӏи...........................39
12. Салам кьей (цо нухалъ)................................39
**Какил суннатал жал**........................................41
**Как баялда цере ругел суннатал**....................41
**Какилъ жанир ругел суннатал** ......................41
**Какил абгIазал** ................................................42
**Какил гьайъатал**............................................42
**Какалда хадур ругел суннатал**.......................44
**Какилъ карагьатал жал**..................................45
**Как батIул гьабулел жал** ...............................47
**Азкарал** ..........................................................49



# ЦЕБЕРАГIИ

بسم الله الرّحمن الرّحيم

الحمد لله ربّ العالمين، والصلاة والسلام على خير الخلق محمّد وعلى أله الطيبين وصحابته الأبرار.

ТIолабго рецц буго тIадегIанав Аллагьасе, кинабниги халкъул гIалам жинцаги бижун, гьезулъ берцинаб низам жинца лъурав. Бищунго маслахIатаб низамлъунги ва камилаб нигIматлъунги жинца динул ИСЛАМ гьабурав.

Аллагьасул ссалатги саламги лъейги МухIаммад аварагасда, Аллагьасул динги босун, халкъалъе рахIматлъун жив витIарав.

Ва гьединго ссалатги саламги лъейги гьесул агьлугун асхIабзабазда, гьеб диналъе хъулухъ гьаби жидер аслияб макъсудлъун лъугьарал.

***Щиб жо кколеб дин?***

Аллагьас ГIарш, Курс, Алжан, ЖужахI ва гьединал цойгидалги рижараб мехалъ, рижана рухI бугеб махлукъат - Малаикзабиги Жундулги. Жундуз гIадлу-низам хвезабун течIого, гьездаги Малаикзабаздаги гьоркьоб ккана рагъ. Гьеб рагъулъ Малаикзабаз асирлъуде бачана жундузул гьитIинаб тIинчI. Чанго азарго соналъ гьезда гьоркьоб букIана гьеб. ТасбихI гIибадаталъулъ Малаикзабаздасаги лебалаб букIана гьеб тIинчI.

Цинги цо пуланаб къоялъ Аллагьас, хIарщалдасан, вижана тIоцевесев инсан - Адам

авараг (гI.с.). Хадуб Аллагьас Малаикзабазде бакка-бахъи гьабуна жинца Адам авараг ракьалде витIизе вукIин. Малаикзабаз абуна: «Ракьги бухъ-бухъун, биялги гIодоре тIун, пасалъи ракьалда гьабулев инсанасдаса, дуе тасбихI гьабулел ниж мустахIикъал гурищ гьеб ракьалде ритIизе»-ян.

Аллагьас, Адам аварагги малаикзабиги цере чеIзарун, гьезда рихьизарула дунялалда хIажалъулел тIагIелал. Гьикъула Малаикзабазде гьезул щибалде цIар. Гьел мукIурлъула жидеда гьел лъангутIиялда. Гьикъула Адам аварагасде, гьес бицуна щибалде цIар.

Цинги Аллагьас амру гьабуна Малаикзабазде Адам аварагасе бетIер къулеян. Гьез, мутIигIлъун, бетIер къулула. Амма бетIер къулуларо гьезда гьоркьоб букIараб доб жинналъ. Гьелде гьикъидал дуца щай бетIер къуличIебан гьелъ жаваб гьабула: «***Дун гьесдаса лъикIаб буго. Дуца гьев вижана хIарщалдасан, дун бижана цIаялдасан***», - ян. Гьеб мехалъ Аллагьас, нагIанаги кьун, жиндирго рахIматалдаса бачахъула гьеб. Гьелъие цIарги щола «*иблис*» абун.

Алжаналдаса къватIибеги къотIун, жужахIалде битIулаго, гьелъ гьарула Аллагьасде къиямасеб къоялде щвезегIан жиндие заман кьеян. Ва гьебги гьедула жинца Адамил лъимер къосинабизе бугебщинаб рес хIалтIизабизе бугилан. Жинца гьесда дунялги, гьелда жаниб бугеб жоги берцин бихьизабизе бугилан, квешалдалъун амруги



## *Оглавление*


ДИНАЛЪУЛ АСЛАБИ ....8
ХIАЖАТ ТIУБАЙ ....18
***Гьелъул тIадаб жо:*** ....18
***Гьелъул хIарамал жал:***....18
***Гьелъул карагьатал жал:***....18
***Гьелъул суннатал жал:***....19
КАКИЧУРИ....20
Какичуриялъул шурутIал ....20
Какичуриялъул фаризаял жал ....20
**1- Ният** ....21
**2- Гьумер чури** ....22
**3- Гъуждул чури**....23
**4- БетIералда масхIу гьаби** ....23
**5- ХIатIал чури**....24
**6- Тартиб**....24
Какичуриялъул суннатал жал....25
Какичуриялъул карагьатал жал....27
Какичури биххизе гьабулел жал ....28
Какичури биххиялдалъун хIарамлъулел жал ....28
ЧЕРХ ЧУРИ....29
КАК БАЙ....32
**Какил шурутIал** ....32
Как тIалъиялъе ругел шартIал....32
Как бегьиялъе ругел шартIал....32
**Какил арканал** ....33
Какил арканал 13 руго: ....33
**1. Ният гьаби** ....33

гьабизе бугилан. Гьедин иблис лъугьана инсанасул кIудияб тушманлъун.

Адам аварагасул квегIаб хьабалухъ гIучIалдасан йижана инсаниялъул эбел ХIава. Гьел кIиялгоги рижана камилаб, берцинаб инсанасул сураталда. Аллагьас гьел кIиялго тола алжаналда киналниги нигIматаздаса пайда босеян, гIицIго цо гъветIалде аскIоре къагеян амруги гьабун. Аллагьасул, нилъедаса балъгояб, хIикматалдалъун, гьезухъан гьеб гъветIалдаса пихъ кванан ккола. Цинги Аллагьас гьел кIиялго ракьалде ритIула.

Гьениве витIулаго Адам аварагасулъе ургъел, хIинкъи бачIуна. Гьеб, лъалареб бакIалдеги витIун, ккараб ккун букIаян тIалаб гьабичIогодай живги жиндир наслу - инсаниятги тела БетIергьанасин абун. Аллагьас гьев гIодове виччазавула гьадинаб хитIабалдалъун:

﴿فَإِمَّا يَأۡتِيَنَّكُم مِّنِّي هُدٗى فَمَنِ ٱتَّبَعَ هُدَايَ فَلَا يَضِلُّ وَلَا يَشۡقَىٰ﴾ [طه: ١٢٣]

МагIна: ***«Ракьалде витIунилан мун рехун тезе гьечIо. Нужехъе бачIине буго дир рахъалъан малъа-хъвай тIоритIел. Щив чи вугониги, жив дир гьеб тIори-тIелалда нахъ вилъун, гьев мекъи ккезе гьечIо ва гьесул талихIги къине гьечIо».***

Гьеб, Аллагьасул рахъалъан бачIунеб тIоритIел, буго дин, жинца, инсан ракьалде вачIаралдаса къиямасеб къоялде щвезегIан гьесул

дунялги ахиратги битIун ккезабулеб Аллагьасул низам. Аллагьас Адам аварагасе гьединго баян гьабуна, инсан гьеб тIоритIелги рехун тун, гьелдаса вуссани, гьесул дунялги ахиратги талихI къараб букIунеблъи:

﴿ وَمَنۡ أَعۡرَضَ عَن ذِكۡرِي فَإِنَّ لَهُۥ مَعِيشَةٗ ضَنكٗا وَنَحۡشُرُهُۥ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ أَعۡمَىٰ ﴾ [طه: ١٢٤]

МагIна: ***«Щив чи вугониги, жив Дир диналдаса вуссун, гьесул букIине буго къварилъабазул цIураб гIумру ва къиямасеб къоялъ гьев вахъине гьавизе вуго беццавлъун».***

Гьедин, динги цIунун, Аллагьас гьеб халкъалъухъе щвезабизе ритIана гIемерал аварагзаби. Гьезул ахирисев ва бищун хирияв ккола нилъер Авараг МухIаммад (с.т.гI.в.). Къоло лъабго соналъ гьес баччана Аллагьасул аманат - тIадкъай. Гьес халкъалъухъе щвезе гьабуна, бищунго кIудияб нигIмат - **Дин**. Жиндир гIумру-ялъул ахирисеб соналъ, хIеж гьабулаго ГIарафа магIарда гьабураб хутIбатул вадагIалда Аварагас (с.т.гI.в.) умматалъе баян гьаруна кIвар бугел диналъул масъалаби. Ва умматалдаго тIадги къана гьаб дин цебеса цебе цоцазухъе кьун, къиямасеб къоялде щвезегIан, бачине. Гьеб ккола щибав балугъав гIакълуялдаги вугев инсанасул тIадаб иш.



*Я, дир Аллагь, дуца къабул гьабе нижедасан нижер какги, кlалги, рахъун чlейги (какилъ), цlалиги, нижер рукугlги, нижер суждаги, нижер гlодор чlейги (какилъ), нижер тасбихlги, нижер зикруги, нижер хушугlги, нижер хlелиги.*

*Я, дир Аллагь, нижеца къокъ гьарурал гlамалал Дуца тlуразе гьаре, тlуразе гьарурал къабулги гьаре. Нижер чlагоязул мунагьалги чуре, нижер хвараздаги гурхlа, нижер унтаралги сах гьаре,нижер дугlаги къабул гьабе я, нижер Бетlергьан. Я, дир Аллагь, Дуца ниж цlуне киналниги балагьаздасанги унтабаздасанги.*

*Я, дир Аллагь, Дуца къабул гьабе гьаб фарз суннатгун цадахъ, гьелъулъ ккарал мукъсанлъабигун цадахъ, Дур хиралъиялдалъунги дур цlобалдалъунги. Дуца гьеб нижер гьурмалъги кьабуге я гурхlулезулги гурхlулев.*

*Кинабниги рецц гlаламалъулго бетlергьан Аллагьасе буго. Я, дир Аллагь, Дуца ссалат салам лъе Мухlаммадидаги гьесул агьлуялдаги.*

*Я, дир Аллагь! Дуца къабул гьабе нижер дугlа тlадегlанаб къуръаналъул хlурматалъе гlоло ва алхlамалъул хlикматалъе гlологи).*

اللّهمّ اغفر لكاتبه كذا لقارئه
أيضاً لصاحبه ثمّ
لناشره مع
ناظره
آمـــــيـــــن

- **Цинги ахиралда гьаб дугIаги гьабила:**

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ. اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلٰى مُحَمَّدٍ وَعَلٰى اٰلِ مُحَمَّدٍ وَسَلِّمْ.

اَللّٰهُمَّ تَقَبَّلْ مِنَّا صَلَاتَنَا وَصِيَامَنَا وَقِيَامَنَا وَقِرَآءَتَنَا وَرُكُوعَنَا وَسُجُودَنَا وَقُعُودَنَا وَتَسْبِيحَنَا وَتَهْلِيلَنَا وَتَخَشُّعَنَا وَتَضَرُّعَنَا. اَللّٰهُمَّ تَمِّمْ تَقْصِيرَنَا وَتَقَبَّلْ تَمَامَنَا وَاغْفِرْ أَحْيَانَا وَارْحَمْ مَوْتَانَا وَاشْفِ مَرْضَانَا وَاسْتَجِبْ دُعَآءَنَا يَا مَوْلَانَا. اَللّٰهُمَّ احْفَظْنَا مِنْ جَمِيعِ الْبَلَايَا وَالْأَمْرَاضِ.

اَللّٰهُمَّ تَقَبَّلْ مِنَّا هٰذَا الْفَرْضَ مَعَ السُّنَّةِ مَعَ جَمِيعِ نُقْصَانَاتِهَا بِفَضْلِكَ وَكَرَمِكَ. وَلَا تَضْرِبْ بِهَا وُجُوهَنَا يَآ أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ.

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلٰى مُحَمَّدٍ وَعَلٰى اٰلِ مُحَمَّدٍ وَسَلِّمْ.

اَللّٰهُمَّ تَقَبَّلْ دُعَآءَنَا بِحُرْمَةِ الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَبِحُرْمَةِ سِرِّ سُورَةِ الْفَاتِحَةِ ...

*(Кинабниги рецц гIаламалъулго бетIергьан Аллагьасе буго. Я, дир Аллагь, дуца ссалат салам лъе МухIаммадидаги гьесул агьлуялдаги.*



# 1 БУТIА
# КАК БАЗЕ ХIАДУРЛЪИ

# ДИНАЛЪУЛ АСЛАБИ

Киналниги эбел-инсуда, гьел гьечIони вассизабазда, гьелги гьечIони къазиясда яги гьес вихьизавурав къайимасда тIалъула лъималазде **дин** малъизе. Ай, балугъалъаралдаса хадуб тIалъулеб-щинаб фаризаяб гIамал гьезда малъизе. Гьединго тIалъула суннатал, карагьатал, хIарамал амраби гьезда малъизе. Гьелдаго цадахъ малъизе ккола кида гьел балугъалъулелали ва балугъалъидал гьабизе тIадаб ният: ***«Дица ният гьабуна Аллагьас амру гьабурабщиналда нахъ вилълъине, нагью гьабурабщиналдаса рикIкIалъизе»***.

Ва гьединго балугъалъун хадуб, гIумруялда жаниб цо нухалъ, магIнаги лъан кIиябго шагьадат битIизе кколаблъи, какилъ битIулеб рикIкIинчIого. Ва жегиги, цо нухалъ *тагIаввуз,*[1] *хIамдалат*[2], *ссалат*[3] абизе кколаблъи, гьезул щибалъе фаризаябин абун ниятги гьабун.

---

(1) أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ

(2) اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ.

(3) اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلٰى مُحَمَّدٍ وَعَلٰى آلِ مُحَمَّدٍ وَسَلِّمْ.



*хвезеги гьарулев, Живги кинабго жоялда хIал кIолев вугев.*

*ХIакълъунго жиндие лагълъи гьабизе кколеб зат гьечIо цо вати тIадав Аллагь гурони.*

*ХIакълъунго жиндие лагълъи гьабизе кколеб зат гьечIо цо вати тIадав Аллагь гурони, МухIаммадги Аллагьасул аварагвуго, жинда тIадегIанав Аллагьасул ссалат салам лъеяв.*

*Я, дир Аллагь, Дуца ссалат (кIодо гьавиялда хурхараб рахIмат-цIоб) рештIине гьабе нижер КIудиясда МухIаммадида, нижер сайид МухIаммадил агьлуялдаги, унти балагьалдаса цIуниги (салам) рештIине гьабе гьезда.*

*Я, дир Аллагь, Дуца ссалат лъе, саламги лъе киналго аварагзабазда ва илчизабаздаги, вализабаздаги ва Дуде гIагарал малаикзабаздаги.*

*АгIузу, бисмиллагь.*

*Я нижер БетIергьан, Дуца къабул гьабе нижер кинабниги гIамал, хIакълъунго Мун кинабгIаги жо рагIунев ва бихьулев вугелъул Аллагь!!!*

*насе жиндирго бечелъиялъ мунфагIат гьабуларо Аллагь, я дир БетIергьан. ГIиссяналдаса нахъе чIвай гьечIо ва тIагIат гьабизе къуватги гьечIо, Живги тIадегIанав, кIудияв Аллагьасдалъун гурого.*

*ХIакълъунго жиндие лагълъи гьабизе кколеб зат гьечIо цо вати тIадав Аллагь гурони ва нижеца лагълъи гьабуларо гьев Аллагьасе гурого, Жиндие бугев нигIмат ва Жиндиеги бугев хиралъи, Жиндиеги бугев берцинаб рецц.*

*Цоги Аллагь гьечIо, цо вати тIадав, Аллагь гурого, нижеца бацIцIад гьабун бугеб хIалалъ Гьесие дин, кигIанго гьеб капурзабазе риханиги.*

*АлхIам, айатул курсиййи, къулгьу, къул агIузаби.*

*Дица мунагьал чури тIалаб гьабула Аллагьасдасан.*

*Дуе рекъоларел киналгIаги сифатаздаса дица Мун вацIцIад гьавула Аллагь.*

*ТIолабго рецц Аллагьасе буго.*

*Аллагь сундасаго кIудияв вуго.*

*Аллагь, жиндирго кIодолъиялдалъун, сундасаго тIадегIанав кIудияв вуго. Аллагьасе цIакъ гIемераб рецците буго, Жиндиего рекъоларел киналгIаги сифатаздасан Аллагь вацIцIадги гьавула радал-бакъанида, ай кидаго.*

*ХIакълъунго жиндие лагълъи гьабизе кколеб зат гьечIо цо вати тIадав Аллагь гурони, жив цо вугев, жиндие гIахьалчи гьечIев, гьесие буго ханлъи ва гьесие буго рецц, Жинца чIаго гьарулев, Жинца*



**Диналъул хIукмаби босулел бакIал:**

1. Къуръан
2. ХIадис
3. ИжмагI
4. Къияс

**Диналъул амраби:**

1. Амру гьабуралда нахъ вилълъин
2. Нагью гьабураб тей
3. Къазаъ-къадаралда разилъи

**Диналъул аслаби - арканал:**

1. Иман
2. Ислам
3. ИхIсан

***Иман*** - ккола, Авараг (с.т.гI.в.) жиндалъун вачIарабщиналда ракIалъ божи, гьеб ритIухъ гьаби.

***Ислам*** - ккола, Авараг (с.т.гI.в.) жиндалъун вачIарабщинаб жо лугбаз тIубазе гьаби.

***ИхIсан*** - ккола, дуда Аллагь вихьула вугеб гIадин дуца лагълъи гьаби. Дуда гьев вихьула гьечIониги, гьесда мун вихьула вугелъул.

**Иманалъул арканал:**

1. Аллагьасда божи
2. Гьесул малаикзабазда божи
3. Гьесул тІахьазда божи
4. Гьесул аварагзабазда божи
5. Ахир къиямасеб къоялда божи
6. ЛъикІаб букІа, квешаб букІа къадар Аллагьасдасан букІиналда божи

**Исламалъул рукнаби:**

1. КІиябго шагьадат битІи
2. Къол щуябго как бай
3. Закат бахъи
4. Рамазаналъ кІал кквей
5. Нухлул рахъалъ хІалкІварас хІеж гьаби

**Исламалъул шартІал:**

1. Балугълъи
2. ГІакълуялда вукІин
3. Жиндихъе исламалъул дагІват щвей
4. Жиндирго ихтиyaралда вукІин
5. ТІатІалаго, тартибалда, магІнаги лъан кІиябго шагьадат битІи
6. КинабгІаги шартІалда хурхинабунгутІи

**Балугълъи жидедалъун чІолел амраби:**

1. ИхІтилам. 2.ХІайз. 3.АнцІила щуго сон тІубазегІан гьеб кІиялъулго (ихІтиламгун хІайзалъул) цониги гІаламат лъугьинчІони, къамарияб (моцІрол календаралдалъун) анцІила щуго сон тІубай.



- **Какда хадур гьарулел азкаразул магІна:**

*Я, Аллагь, дица Дудасан мунагьал чури тІалаб гьабула. Дица мунагьал чури тІалаб гьабула Аллагьасдасан, Жив гурого лагълъи гьабизе кколеб кинабгІаги зат гьечІев, Жив чІагояв, халкъалъул тадбиралда Жив цІакъ чІарав, дун Гьесдеги вуссуна. Я дир Аллагь Мун Салам вуго (киналгІаги мукъсанлъабаздаса вацІцІадав), балагьаздасан сах-саламатлъиги Дудасан буго. Дуца баркат лъуна, я кІодолъиялъул БетІергьан. Аллагьасул цІаралдалъун байбихьана дица, Гьевги цоги Аллагь гьечІев Жив гурого, дунялалда муъминасдаги кафурасдаги гурхІулев, ахиратalда хасго муъминасда цІикІкІун гурхІулев. Я дир Аллагь, Дуца ине гьабе дидасан ургъелги пашманлъиги. Дуца дие квер бакъе Аллагь даимго Мун рехсезеги, Дуе щукру гьабизеги, Дуе лагълъи берцин гьабизеги. Я дир Аллагь, нижеца Дудасан капурлъиялдасаги, пакъирлъиялдасаги, хабалги жужахІалъулги гІазабалдасаги цІуни гьарула буго.*

*ХІакълъунго жиндие лагълъи гьабизе кколеб зат гьечІо цо вати тІадав Аллагь гурони, жив цо вугев, жиндие гІахьалчи гьечІев, гьесие буго ханлъи ва гьесие буго рецц, Жинца чІаго гьарулев, Жинца хвезеги гьарулев, Живги кинабго жоялда хІал кІолев вугев.*

*Я дир Аллагь, Дуца кьураб жо нахъе чІвалев щивго чи гьечІо, Дуца нахъе чІвараб жо жинца кьолевги гьечІо, нахъе бусси гьечІо Дуца гьабураб хІукмуялъе, Дуда аскІоб бечелъиялъул бетІергьа-*

أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ، ﴿
رَبَّنَا تَقَبَّلْ مِنَّـآ إِنَّكَ أَنْتَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ﴾ ، أٰمـــــين

هَبِلَ دُعَاءْ هَبْ شْوِدَلْ بَكْلْدَ بُكِبْ عَلَامَةْ (*) هَدِنَبْ كِ دُ چِ كَ مَرْ كِ رُهَلِدَكِ :

**اَللّٰهُمَّ أَجِرْنِي مِنَ النَّارِ** (7). اَللّٰهُمَّ أَجِرْنَا وَأَجِرْ أَمْوَاتَنَا وَسَآئِرَ الْمُسْلِمِينَ مِنَ النِّيرَانِ وَمِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ وَالنَّارِ يَآ اَللّٰهُ.

اَللّٰهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْجُبْنِ وَأَعُوذُ بِكَ مِنَ الْبُخْلِ، وَأَعُوذُ بِكَ أَنْ أُرَدَّ إِلَىٰٓ أَرْذَلِ الْعُمُرِ، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ فِتْنَةِ الدُّنْيَا، وَأَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ وَالنَّارِ يَآ اَللّٰهُ. اَللّٰهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ عِلْماً نَافِعاً وَعَمَلاً مُتَقَبَّلاً وَرِزْقاً حَلَالاً طَيِّباً وَاسِعاً مُبَارَكاً وَتَوْبَةً نَصُوحاً. اَللّٰهُمَّ اغْفِرْ لَنَا وَلِوَالِدِينَا وَلِمَنْ لَهُ حَقٌّ عَلَيْنَا وَلِمَنْ أَوْصَانَا بِالدُّعَآءِ الْخَيْرِ وَلِجَمِيعِ الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ مَا بَيْنَ الْمَشَارِقِ وَالْمَغَارِبِ كُلِّهِمْ عَآمَّـةً . أٰمـــــينَ



**ШаргIалъул хIукмаби:**

Инсанас гьабураб кинабниги пишаялъе буго шаргалъ бихьизабураб хассаб хукму, гьале гьелги:

1. ТIадаб, фаризаяб
2. ХIарамаб
3. Суннатаб
4. Карагьатаб
5. ХIалалаб

***Фаризаяб*** ккола гьабизе тIадаб гIамал, жиб гьабуралъухъ кириги щолеб, гьабичIого танани гIакъубаги щолеб.

***ХIарамаб*** ккола гьабизе гьукъараб гIамал, жиб гьабичIого теялъухъ кириги щолеб, гьабунани гIакъубаги щолеб.

***Суннатаб*** ккола гьабизе лъикIаб гIамал, жиб гьабуралъухъ кириги щолеб, гьабичIого тани гIакъуба щолареб.

***Карагьатаб*** ккола гьабичIого тезе лъикIаб гIамал, жиб гьабичIого теялъухъ кириги щолеб, гьабунани гIакъуба щолареб.

***ХIалалаб*** ккола гьабизе бегьулеб гIамал, жиб гьабуралъухъ кириги щолареб, гьабичIого тани гIакъубаги щолареб.

**Мазгьабал**

Диналда жанир руго имамзаби жал гIадилал рукIиналда ракI чIезабизе кколел. Жидеда нахъ гIавамал рилъине ккеялда ижмагIги ккарал, жал гурел цойгидазда нахъ рилъинеги бегьуларел. Гьел руго лъабго батIиял:

1. Къуръан хIадисалдасан фикъгьи босиялда тIад хIалтIарал. Гьединал руго: имам АбухIанифа, имам Малик, имам ШафигIийй, имам АхIмад, Аллагь жидеда гурхIаял.

2. Къуръан хIадисалдасан диналъул аслаби баян гьарурал, ай, гIакъида баян гьабурал. Гьединал руго: имам Абул-ХIасан ал-АшгIарийй ва имам Абу-мансур ал-Матуридийй, Аллагь жидеда гурхIаял.

3. Жидеца нафс бацIад гьабиялде, ракI къачIаялде кIвар кьурал ва жидер иш дол фикъгьиялъулги гIакъидаялъулги имамзабазда нахъ рилъун, гьезде хилифлъичIого бачарал. Гьал руго тасаввуфалъул имамзаби. Гьездасан ккола Абу-язид ал-БастIами, Жунайд ал-Багъдади, имам ал-Гъазали, Сагьруварди, МагIруф ал-Кархи, ГIабдулкъадир ал-Жилани, Аллагь жидеда гурхIаял.



7. أَسْتَغْفِرُ اللّٰهَ الْعَظِيمَ، ذُو الْجَلَالِ وَالْإِكْرَامِ، سُبْحَانَكَ يَا مَعْبُودًا بِالْحَقِّ سُبْحَانَ اللّٰهِ (33).

8. سُبْحَانَ اللّٰهِ وَبِحَمْدِهِ دَائِمَ الشُّكْرِ، اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ (33).

9. اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، تَعَالَىٰ شَأْنُهُ وَكِبْرِيَآؤُهُ، وَلَآ إِلٰهَ غَيْرُهُ اَللّٰهُ أَكْبَرُ(34).

10. اَللّٰهُ أَكْبَرُ كَبِيراً وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ كَثِيراً وَسُبْحَانَ اللّٰهِ بُكْرَةً وَأَصِيلاً،

11. لَآ إِلٰهَ إِلاَّ اللّٰهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ يُحْيِي وَيُمِيتُ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ. (*)

12. حَسْبِي رَبِّي فَاعْلَمْ أَنَّهُ، لَآ إِلٰهَ إِلاَّ اللّٰهُ (100). لَآ إِلٰهَ إِلاَّ اللّٰهُ مُحَمَّدٌ رَسُولُ اللّٰهِ صَلَّى اللّٰهُ تَعَالَىٰ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ.

13. اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلَىٰ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَىٰ آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَسَلِّمْ (10).

صَلِّ يَا رَبَّنَا وَسَلِّمْ عَلَىٰ جَمِيعِ الْأَنْبِيَاءِ وَالْمُرْسَلِينَ وَالْأَوْلِيَاءِ وَالْمُقَرَّبِينَ، وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ.

لَآ إِلٰهَ إِلَّا اللّٰهُ وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ لَهُ النِّعْمَةُ وَلَهُ الْفَضْلُ وَلَهُ الثَّنَآءُ الْحَسَنُ.

لَآ إِلٰهَ إِلَّا اللّٰهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ.

1. أَعُوذُ بِاللّٰهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. ﴿بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ. اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ...﴾

2. ﴿اللّٰهُ لَآ إِلٰهَ إِلَّا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ لَا تَأْخُذُهُ سِنَةٌ وَلَا نَوْمٌ لَهُ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ مَنْ ذَا الَّذِي يَشْفَعُ عِنْدَهُ إِلَّا بِإِذْنِهِ يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيْءٍ مِنْ عِلْمِهِ إِلَّا بِمَا شَآءَ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضَ وَلَا يَؤُدُهُ حِفْظُهُمَا وَهُوَ الْعَلِيُّ الْعَظِيمُ ﴿255﴾﴾

3. سُورَةُ الْإِخْلَاصِ: بِسْمِ اللّٰهِ ...﴿قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ ﴿١﴾﴾...

4. سُورَةُ الْفَلَقِ: بِسْمِ اللّٰهِ ...﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ الْفَلَقِ ﴿١﴾﴾...

5. سُورَةُ النَّاسِ: بِسْمِ اللّٰهِ...﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ النَّاسِ ﴿١﴾﴾...

6. يَا رَبِّ أَسْتَغْفِرُ اللّٰهَ: (10).



**Фаризаяб как**

Жидеда тIад Ислам барал рукнабаздасан цояб ккола как. Гьаб тIехьги, имам ШафигIиясул мазгьабалда рекъон, къокъго какил баян кьолеб тIехь буго.

Как ккола, иман лъеялда хадуб бищун хирияб рукну. Цинги кIал кквей, хадуб хIеж, хадуб закат.

Как букIана цересел умматазеги. Амма щуябго как цо къоялда жаниб данделъи нилъер умматалъе гурого щвечIо.

Нилъер умматалъе щуго как фарзлъун гьабуна гьижра гьабиялда цо соналъ цебе. Нилъер Авараг (с.т.гI.в.) мигIражалдеги вачун, умматалда тIад лъуна кIикъоялда анцIго как, амма гьес Аллагьасде гьарун щугоялде ккезе гьабуна, доб кIикъоялда анцIалъулго кириги цIунун. МигIражалдаса цебе умматалда тIадаб букIана сардилъ рахъун как базе. МигIражалдаса хадуб гьеб умматалдасан насху гьабун тIаса босана.

Аварагас (с.т.гI.в.), мигIражалдаса вачIун хадуб, тIоцебе бана къаде как. Рогьалил бачIо, жеги как балеб къагIида малъун букIинчIелъул. Къалъул гIужалъ Жабраилги вачIун КагIбаялъул нуцIаялда аскIоб бана къаде как. Жабраил вачIана кIиго къоялъ как балеб къагIида ва какил гIужазул авалги ахирги баян гьабизе.

Щуябго как жидерго гIужазда хаслъи буго *тагIаббудияб*[4] иш. Амма гIалимзабаз рехсолел

[4] Аллагьасда гурони жиндир гIилла лъалареб хIукму.

руго цо-цо хIикматал. Гьел гIужал ругила инсанасде жиндирго гIумру ина букIин ракIалде щвезаби.

Инсан гьави гьеб буго рогьел бакки гIадаб жо. Цинги кIудияв гьев гIей - бакъ эхеде борхи гIадаб жо. Гьев камилго гIолохъанлъи бакъ истиваалде [5] щвей буго. ГIолохъанлъиялдаса гьетIизе байбихьи - бакъ истиваалдаса ин. Херлъи - бакъ тIерхьиналде гIагарлъи. Хвел - бакъ тIерхьин. Хабалъ къаркъала тIагIин - шафакъул ахIмар, ай зодиса кинабгIаги канлъиялъул асар тIагIин.

Гьеб щуябго какалъул бищун хирияб буго бакъанил как. Хадуб рогьалил, хадуб боголил, хадуб къалъул, хадуб маркIачIул.

Как фаризаяб букIиналъе далил буго къуръан-ги, хIадисги, ижмагIги.

Как ккола диналда жаниб цIакъго кIвар кIу-дияб иш. Аварагас (с.т.гI.в.) абуна:

« رَأْسُ الأَمْرِ الإِسْلامُ وعَمُودُهُ الصَّلاَةُ » [أخرجه الترمذي وابن ماجه].

***«Гьаб ишалъул [6] бетIер буго Ислам, гьелъул хIубиги - как буго»***. Гьелъ, как тарав чи вуго дин чIунтизабурав чи.

Гьединго Аварагас (с.т.гI.в.) абуна:

« العَهْدُ الَّذِي بَيْنَنَا وَبَيْنَهُم الصَّلاَةَ » [أخرجه الترمذي].

***«Нилъедаги гьездаги (ай: мунафикъзабазда) гьоркьоб бугеб къотIи (батIалъи) как бай буго».***

---

[5] Зоб бакьулъе бакъ щвей.
[6] Ай диналъул бетIер.



أَسْتَغْفِرُ اللهَ، أَسْتَغْفِرُ اللهَ، أَسْتَغْفِرُ اللهَ الْعَظِيمَ الَّذِي لَآ إِلٰهَ إِلَّا هُوَ الْحَيَّ الْقَيُّومَ وَأَتُوبُ إِلَيْهِ. اَللّٰهُمَّ أَنْتَ السَّلَامُ وَمِنْكَ السَّلَامُ تَبَارَكْتَ يَا ذَا الْجَلَالِ وَالْإِكْرَامِ. بِسْمِ اللهِ الَّذِي لَآ إِلٰهَ إِلَّا هُوَ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ. اَللّٰهُمَّ أَذْهِبْ عَنِّي الْهَمَّ وَالْحَزَنَ. اَللّٰهُمَّ أَعِنِّي عَلٰى دَوَامِ ذِكْرِكَ وَشُكْرِكَ وَحُسْنِ عِبَادَتِكَ. اَللّٰهُمَّ إِنَّا نَعُوذُ بِكَ مِنَ الْكُفْرِ وَالْفَقْرِ وَعَذَابِ الْقَبْرِ وَالنَّارِ يَآ اَللهُ.

لَآ إِلٰهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ، لَا شَرِيكَ لَهُ لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ يُحْيِي وَيُمِيتُ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ.

*[Радалги, бакъанидаги, маркIачIудаги гьаб гьоркь хIучч цIараб жо 10 нухалъ абила.*
*Къалъудаги, боголидаги (يُحْيِي وَيُمِيتُ) абураб жоги гьоркьоб тун цо нухалъ абила. ]*

اَللّٰهُمَّ لَا مَانِعَ لِمَآ أَعْطَيْتَ وَلَا مُعْطِيَ لِمَا مَنَعْتَ وَ لَا رَآدَّ لِمَا قَضَيْتَ وَلَا يَنْفَعُ ذَا الْجَدِّ مِنْكَ الْجَدُّ رَبِّ لَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ.

لِي مَا قَدَّمْتُ وَمَآ أَخَّرْتُ وَمَآ أَسْرَرْتُ وَمَآ أَعْلَنْتُ وَمَآ أَسْرَفْتُ
وَمَآ أَنْتَ أَعْلَمُ بِهِ مِنّي. أَنْتَ الْمُقَدِّمُ وَأَنْتَ الْمُؤَخِّرُ. لَآ إِلَهَ إِلَّآ
أَنْتَ أَسْتَغْفِرُكَ وَأَتُوبُ إِلَيْكَ. يَا مُقَلِّبَ الْقُلُوبِ ثَبِّتْ قَلْبِي
عَلَى دِينِكَ.

*( Я, дир Аллагь, дица Дудалъун цIуни гьарула жужахIалъул гIазабалдаса ва хабал гIазабалдасаги. Ва чIаголъиялъулги хвалилги питнаялдасаги. Ва Дажжалил питнаялъул квешлъиялдасаги.*

*Я, дир Аллагь, Дуца дир мунагьал чуре дица жал церего гьаруралги, дица нахъа гьаризе ругелги, дица балъго гьаруралги, дица тIатун гьаруралги, дица гIорхъолъа ун гьаруралги, дида лъаларел Дуда лъалелги. Дуе бокьарав цеве гьавулевги Мун вуго дуе бокьарав нахъе ккезе гьавулевги Мун вуго. Мун гурого жиндие лагълъи гьабизе кколеб щибгIаги жо батунги гьечIо. Дица Дудасан мунагьал чуриги тIалаб гьабула дун Дудеги виссуна. Я, ракIал свер-сведизе гьарулев Аллагь, Дуца дир ракI диналде буссун щулаго чIезе гьабе).*

- **Цинги салам кьела:**

اَلسَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَ رَحْمَةُ اللهِ

*( Нужеда Аллагьасул саламги рахIматги лъейги).*

- **Какда хадур гьарулел азкарал:**



Эбел-инсуда тIадаб буго лъимералъ, къамарияб анкьго сон байдал, гьелда амру гьабизе как бай абун. Нагагь гьеб лъимералъ какалъе, яги гьелъул цо рукнуялъе кIарчамлъи гьабула бугони, эбел-инсуда тIадаб буго гьесда бадибчIвай гьабизе, рагъизе, семизе. Гьедин гьабула анцIго сон базегIан.

АнцIго сон тIубаралдаса анцIила щуго сон тIубазегIан, гьел кIарчанлъабазухъ лъимералда кьабизе тIадаб буго. КьабичIони, умумул мунагьалъукье ккола. Суннатаб буго кьаби лъабгоялдаса цIикIкIунгутIизе. Кьабиги букIине ккола ругъун лъолареб куцалъ мачIабазда. Ругъун лъолелъ гурого мунфагIат гьабула гьечIониги гьеб гьабиларо.

АнцIила щуго сон баралдаса, шаргIияб гIузруги гьечIого как тани, гьесда тIад хIадд[7] билъанхъизабула хIакимас. Амма как тола бугони гьеб как тIадаб букIиналда инкар ккун, гьев **кафурлъула**.

ГIакълуялда вугебгIан заманаялъ как тезе лъилниги ихтияр гьечIо гьаб кIиго гIузруялдалъун гурого:

1. ГIуж щвелалде цебе кьижунги ккун, как гIуждаса борчIи.
2. Мункараб гуреб ишалде машгъуллъун кIочон хутIи.

[7] ШаргIалъул тамихI.

Гьаб кIиялдего абула **шаргIияб гIузруйин** абун. Гьаб кIиябго гуреб цойгидазде абула **шаргIияб гуреб гIузруйин** абун.

ШаргIиял гурел гIузрабазе гIоло (хIалтIи, бухIи-цIорой, унти, сапар…) как тей ккола **кIудияб мунагь.**

ШаргIияб гIузру гьечIого тараб как бугев чияс сордо-къоялъул жиндир кинабниги заман буссинабизе ккола гьел рецIиялде. Гьесие кьола гIицIго чара гьечIел ишазе заман (кванай, кьижи, жиндир тIалабалда гъоркь ругезе бетIербахъи гьабиялъе шартIал чIезари…). ХIатта суннатал гIамалазде вуссине гьесие хIарамлъула.

ولا حول ولا قوّة إلاّ باللّه وبه نستعين وعليه التكلان.



*хIакълъунго МухIаммад (с.т.гI.в.) Аллагьасул, халкъалде дин малъизе витIарав, илчи вуго.*

*Я, дир Аллагь, дуца ссалат лъе нижер саййид МухIаммад аварагасда [ ва гьесул агьлуялдаги]).*

- **Гьелда хадуб цIалила ссалат** الصلاة الإبراهمية

كَمَا صَلَّيْتَ عَلٰى سَيِّدِنَآ إِبْرٰاهِيمَ وَعَلىٰ أٰلِ سَيِّدِنَآ إِبْرٰاهِيمَ. وَبٰارِكْ عَلٰى سَيِّدِنٰا مُحَمَّدٍ وَعَلىٰ أٰلِ سَيِّدِنٰا مُحَمَّدٍ وَأَزْوٰاجِهِ وَذُرِّيَّتِهِ، كَمٰا بٰارَكْتَ عَلٰى سَيِّدِنَآ إِبْرٰاهِيمَ وَعَلىٰ أٰلِ سَيِّدِنَآ إِبْرٰاهِيمَ فِي الْعٰالَمِينَ إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ.

*( Дуца ссалат лъураб гIадин нижер хан Ибрагьим аварагасда ва нижер хан Ибрагьимил агьлуялдаги. Дуца баракат лъе нижер хан МухIаммадида, ва нижер хан МухIаммадил агьлуялдаги, ва гьесул руччабаздаги, ва гьесул зуриятaлдаги. Дуца баракат лъураб гIадин нижер хан Ибрагьимида ва нижер хан Ибрагьимил агьлуялдаги халкъул-гIаламалда жаниб. ХIакълъунго мун дуе рецц гьабулев, тIадегIанав вуго).*

- **Гьелда хадуб гьаб дугIа цIалила:**

اَللّٰهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذٰابِ جَهَنَّمَ وَمِنْ عَذٰابِ الْقَبْرِ وَمِنْ فِتْنَةِ الْمَحْيٰا وَالْمَمٰاتِ وَمِنْ شَرِّ فِتْنَةِ الْمَسِيحِ الدَّجّٰالِ. اَللّٰهُمَّ اغْفِرْ

- **Ташагьгьуд[16]**

اَلتَّحِيَّاتُ الْمُبَارَكَاتُ الصَّلَوَاتُ الطَّيِّبَاتُ لِلّٰهِ. اَلسَّلَامُ عَلَيْكَ أَيُّهَا النَّبِيُّ وَرَحْمَةُ اللهِ وَبَرَكَاتُهُ. اَلسَّلَامُ عَلَيْنَا وَعَلَى عِبَادِ اللهِ الصَّالِحِينَ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلٰهَ إِلَّا اللهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ .

اَللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ [وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ].

*(Кинабниги рагІиййаталъ жидерго ханзабазе гьарулел цІубарал кІодолъаби ва хІурматал, ралел какалги, лъикІал гІамалалги Аллагьасе руго. Аллагьасул салам лъейги дуда ва гьав Авараг, ва Аллагьасул рахІматги, ва гьесул баракатги лъейги дуда. Аллагьасул салам лъейги нилъеда ва Аллагьасул лъикІал лагъзадеридаги.*

*Дица, ракІчІун, лъан, разилъун, нугІлъи гьабун, бицуна хІакъалдалъун жиндие лагълъи гьабизе ккун лагълъи гьабизе кколеб зат батун гьечІо цо, вати тІадав, Аллагь гурого. Ва дица нахъеги ракІчІун, лъан, разилъун, нугІлъи гьабун, бицуна*

---

[16] اَلتَّحِيَّاتُ لِلّٰهِ، سَلَامٌ عَلَيْكَ أَيُّهَا النَّبِيُّ وَرَحْمَةُ اللهِ وَبَرَكَاتُهُ، سَلَامٌ عَلَيْنَا وَعَلَى عِبَادِ اللهِ الصَّالِحِينَ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلٰهَ إِلَّا اللهُ وَأَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ.

Гьаб къадар буго аттахІиййаталъул бищун дагьаб **гІолеб** къадар, амма **камилаб** къадар буго тІад рехсараб.



## Какалъул гІуцІи

Как гІуцІун буго хассал пишабаздасан ва рагІабаздасан. Ва руго как балаго ва гьеб балелда цебе гьаризе ккола пишаби-шартІал. Гьале гьезул баян:

1. Как тІалъиялъе шартІал
2. Как бегьиялъе шартІал
3. Арканал
4. Суннатал жал: абгІазал, гьайъатал
5. Карагьатал жал
6. Как батІул гьабулел жал

Щибаб рукнуялъулги буго фаризаяб ва суннатаб бутІа. Гьел лъачІого бараб как рикІкІунаро.

Какилъ буго щуго къавлияб [8] рукну:
- такбиратул ихІрам (как бухьиналъул الله أكبر)
- алхІам цІали
- ташагьгьуд (аттахІиййат цІали)
- ссалат битІи
- салам кьей

Гьеб щуябго цІализе ккола гІараб мацІалда. Гьединлъидал, как балесда тІалъула гьел ритІун, тажвидалда рекъон цІализе лъазаризе. Гьеб лъай тІалаб гьабизе тІадаб буго хІежалъе холебгІанасеб харж хвезабунги ва хІежалде унебгІан манзилалъ рикІкІаде унгицин. Лъазабизе ресги букІун лъазабичІого тарасул как рикІкІунаро ва гьеб бецІизе ккола.

---

[8] КІалалъ абун цІализе кколел хассал рагІаби, айатал. ХутІарал рукнаби лугбуз гьарулел пишаби, шуршуди буго.

# ХIАЖАТ ТIУБАЙ

***Гьелъул тIадаб жо:***

– Лъималдалъун букIа, гамачIалдалъун букIа, гамачIалъул бакIалда чIолел жалаздалъун букIа чороклъи бацIцIад гьаби.

***Гьелъул хIарамал жал:***

1. ХIажат тIубалаго, цебе пардавги гьечIого, къиблаялде вуссин.
2. ХIажат тIубалаго къиблаялде мугъ рехи, цебе пардавги гьечIого.
3. Хобалда тIад хIажат тIубай.

***Гьелъул карагьатал жал:***

1. ГIузру гьечIого, вахъун чIун хIажат тIубай
2. ЧIараб лъелъе хIажат тIубай
3. КартIазде, кьватIелазде жанибе хIажат тIубай
4. КъвакIараб бакIалде тIаде хIажат тIубай
5. Гьороде данде вуссун хIажат тIубай
6. ГIадамал хIалалаб ишалъе данделъулеб бакIазда хIажат тIубай
7. Нухда хIажат тIубай
8. Пихъил гъветIалда гъоркь хIажат тIубай
9. ХIажат тIубалаго кIалъай
10. ХIажат тIубалеб хIалалъ бакъалдехун яги моцIалдехун вуссин



*( Жиндие рекъоларел сифатаздаса вацIцIадав вуго БетIергьан, малаикзабазулги рухIалъулги бетIергьан вуго гьев.*

*Я, дир Аллагь, Дуе гьабуна дица сужда, ва Дуде лъуна иманги, ва Дуе мутIигIлъана дун. Дица сужда гьабуна, жиндир къуваталдалъун гьебги бижарав, гьелъул суратги гьабурав, гьелда рагIиналъеги бихьиялъеги жинца картIалги гьарурав БетIергьанасе. Жинца цIакъ берцинго жо бижунев Аллагь тIадегIанав вуго).*

- **КIиябго суждаялда гьоркьоб абила:**

رَبِّ اغْفِرْ لِي وَارْحَمْنِي وَاجْبُرْنِي وَارْفَعْنِي وَارْزُقْنِي وَاهْدِنِي وَعَافِنِي وَاعْفُ عَنِّي. رَبِّ هَبْ لِي قَلْبًا تَقِيًّا نَقِيًّا مِنَ الشِّرْكِ بَرِيًّا، لَا كَافِرًا وَلَا شَقِيًّا.

رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَتَجَاوَزْ عَمَّا تَعْلَمُ، إِنَّكَ أَنْتَ الْأَعَزُّ الْأَكْرَمُ.

*( Я, дир БетIергьан, Дуца дир мунагьал чуре, Мун дида гурхIа, дир жагъаллъи бацIцIе, дун тIадегIан гьаве, дие ризкъи кье, дун битIараб нухде тIовитIе, дун унти-балагьалдаса цIуне, дида тIаса лъугьа.*

*Я, дир БетIергьан, Дуца дие кье ракI Аллагьасукьа хIинкъулеб, бацIцIадаб, ширкалда-саги бацIцIадаб. Жиб кафурабги гуреб жиб талихI къосарабги гуреб.*

*Я, дир БетIергьан, Дуца мунагьал чуре, Мун гурхIа, Дуда лъалел дида лъаларел мунагьаздаса тIаса лъугьа, хIакълъунго Мун тIадегIанав сахаватав вуго).*

*рехун те, бусурбабазе кафурзабазда тIад бергьенлъиги кье. Я, Аллагь, Дуца нижедаса нахъе чIвай нижее квешлъи бокьаразул квешлъи. Мун къуват кутакав вуго ва рецIел кутакавги вуго. Я, нижер БетIергьан, Дуца ниж ккезе гьаруге залимаб къавмалъул питнаялъулъе ва Дур рахIматалдалъун Дуца нижги хвасар гьаре кафураб къавмалдаса.*

*Аллагьас ссалат лъейги МухIаммад аварагасда ва гьесул агьлуялдаги ва гьесул асхIабзабаздаги, ва саламги лъейги.*

*Я, дир БетIергьан, Дуца мунагьал чуре, Мун гурхIа, Мун гурхIулезулги гурхIулев вуго).*

- **Суждаялда абила 3, 5, 7, 9, 11 нухалъ:**

سُبْحَانَ رَبِّيَ الْأَعْلَى وَبِحَمْدِهِ

*( Дица вацIцIад гьавиялъ вацIцIад гьавула дир тIадегIанав БетIергьан жиндие рекъоларел сифатаздаса ва гьесие реццги гьабула).*

- **Гьелдаги хадуб абила:**

سُبُّوحٌ قُدُّوسٌ رَبُّ الْمَلَائِكَةِ وَالرُّوحِ.

اَللّٰهُمَّ لَكَ سَجَدْتُ وَبِكَ آمَنْتُ وَلَكَ أَسْلَمْتُ، سَجَدَ وَجْهِي لِلَّذِي خَلَقَهُ وَصَوَّرَهُ، وَشَقَّ سَمْعَهُ وَبَصَرَهُ بِحَوْلِهِ وَقُوَّتِهِ فَتَبَارَكَ اللّٰهُ أَحْسَنُ الْخَالِقِينَ.



***Гьелъул суннатал жал:***

1. Халаалде [9] инаго бетIералда жо лъей, ретIел хьитал ретIи
2. Хирияб цIар тIад хъвараб жо цадахъ босунгутIи
3. Жаниве лъугьунаго гьабулеб дугIа гьаби
4. Жаниве лъугьунаго квегIаб, къватIиве вахъунаго кваранаб хIетIе цебе гьаби
5. КъватIиве вахъунаго гьабулеб дугIа гьаби
6. ХIажат тIубалаго квегIаб хIетIеги бегизабун, кваранаб бахъун чIезеги гьабун, квегIалде тIаде хIал биччай
7. КвегIаб квералъ квегIаб бох кквей
8. Зодиве, гIавраталде, къватIибе бачIараб жоялде ва рахъ-рахъалде балагьунгутIи
9. КвегIаб квералъ тIагьарат гьаби
10. ГамачIалъ рацIалъи гьабулеб бугони, гIаврат квегIалъги ккун гамачI кваранаЛъ кквей.

[9] ХIажатхана, туалет.

# КАКИЧУРИ

## Какичуриялъул шурутIал

***ШартI*** ккола, жиб гьечIого яги жиндие мукъсанлъи гьабун гIамал рикIкIунареб жо, ва жибги гьеб гIамалалда цебе ялъуни цадахъ букIинеги кколеб.

Какичуриялъе буго 6-го шартI:

1. Бусурманлъи
2. *Мумаййиз*лъун вукIин [10]
3. Жинцаго жо бацIцIадги гьабулеб, жибгоги бацIцIадаб лъим букIин
4. Лагаялде тIаде лъим биччалареб жо тIад букIунгутIи
5. Какичурулеб къагIида лъай
6. Чури биххизабулеб жо тIаде бачIунгутIи

## Какичуриялъул фаризаял жал

Какичуриялъул буго 6-го фаризаяб жо:

1. Ният гьаби
2. Гьумер чури
3. Кверал-гъуждул чури, гIункIрукьалгун цадахъ
4. БетIералда масхIу гьаби
5. ХIатIал чури, хIатIихинкIалгун цадахъ
6. Тартиб цIуни

[10] ЛъикIаб, квешаб жо жинда батIа гьабизе лъалеб ригьалда вугев чи.



وَصَلَّى اللهُ عَلَى النَّبِيِّ مُحَمَّدٍ وَآلِهِ وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ. رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِينَ.

*( Я, дир Аллагь, Дуца дун тIовитIе битIараб нухде гьеб нухде Дуца тIоритIарал чагIигун цадахъ. Ва Дуца дун цIуне унти-балагьалдаса Дуца унти-балагьалдаса цIунарал чагIигун цадахъ. Ва Дуца дида вилаят гьабе, Дуца вилаят гьабурал чагIигун цадахъ. Ва Дуца баракат лъе дие кьурабщинаб жоялда. Ва Дуца дунги цIуне, Дуца гьабураб хIукмуялъул квешалдаса. Дуца халкъалъе гьабула Дуе бокьараб хIукму, Дуе гьабуларо лъицаниги хIукму. Дуе жив вокьарав чи гIодовегIанлъуларо, Дуца жиндехун тушманлъи гьабуравги тIадегIанлъуларо. Мун кIудияв вуго я нижер БетIергьан ва тIадегIанавги вуго. Дуе буго рецц, Дуца гьабураб хIукмуялъухъ. Дица Дудасан тIалаб гьабула мунагьал чури. Дун Дудеги вуссуна.*

*Я, нижер бетIергьан, Дуца нижер мунагьал чуре ва нижер пишабазулъ нижер гIорхъолъа инги чуре, ва нижер хIатIалги диналда жанир щулаго чIезе гьаре, ва кафурзабада тIад бергьенлъиги кье нижее. Я, нижер БетIергьан, нижер мунагьал сабаблъун ниж гьалаг гьаруге, нижеда гурхIуларев чи нижеде тIадеги тIамуге, я Аллагь, нижедехун тушманлъи гьабулезул квешлъиялдаса нижги цIуне. Я, Аллагь, диналъе квер бакъулезе Дуца квер бакъе, дин рехун тарал Дуца тавфикъ кьечIого*

*гьанасе ахираталда гьел тIадегIанлъабаз мунфагIат гьабуларо. Дудасан буго хIакъикъияб тIадегIанлъи»).*

- **Къунут ( магьдина) :**

اَللّٰهُمَّ اهْدِنِي فِيمَنْ هَدَيْتَ، وَعَافِنِي فِيمَنْ عَافَيْتَ، وَتَوَلَّنِي فِيمَنْ تَوَلَّيْتَ، وَبَارِكْ لِي فِيمَآ أَعْطَيْتَ، وَقِنِي شَرَّ مَا قَضَيْتَ؛ فَإِنَّكَ تَقْضِي وَلَا يُقْضَى عَلَيْكَ، وَإِنَّهُ لَا يَذِلُّ مَنْ وَالَيْتَ، وَلَا يَعِزُّ مَنْ عَادَيْتَ، تَبَارَكْتَ رَبَّنَا وَتَعَالَيْتَ، فَلَكَ الْحَمْدُ عَلَى مَا قَضَيْتَ، أَسْتَغْفِرُكَ وَأَتُوبُ إِلَيْكَ.

رَبَّنَا اغْفِرْلَنَا ذُنُوبَنَا وَإِسْرَافَنَا فِي أَمْرِنَا وَ ثَبِّتْ أَقْدَامَنَا وَانْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ. اَللّٰهُمَّ لَا تُهْلِكْنَا بِذُنُوبِنَا وَلَا تُسَلِّطْ عَلَيْنَا مَنْ لَا يَرْحَمُنَا وَاكْفِنَا شَرَّ مَنْ عَادَانَا يَآ اَللّٰهُ. اَللّٰهُمَّ انْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَاخْذُلْ مَنْ خَذَلَ الدِّينَ وَانْصُرِ الْمُسْلِمِينَ عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ. اَللّٰهُمَّ كُفَّ عَنَّا شَرَّ مَنْ يُرِيدُ بِنَا سُوءً فَإِنَّكَ أَشَدُّ بَأْسًا وَ أَشَدُّ تَنْكِيلاً. رَبَّنَا لَا تَجْعَلْنَا فِتْنَةً لِلْقَوْمِ الظَّالِمِينَ وَنَجِّنَا بِرَحْمَتِكَ مِنَ الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ.



### 1- Ният

***ГьелъулшартIал:***

1. Бусурманлъи
2. БатIа-бахъи бугев вукIин (*мумаййиз*)
3. ГIакълуялда вукIин
4. Щибниги жоялда хурхине гьабунгутIи
5. Гьеб ният хвезабулеб къасд гьабунгутIи

Ниятальул бакI буго ракI. Гьелъул заман буго гьумер чуриялъул авал.

***Гьелъул сигъаби руго:***

1. Дица ният гьабуна фаризаяб каки чуризе
2. Дица ният гьабуна какичури бихи борхизе
3. Чури бихxи даимав вугони ният гьабила гьадин: ***«Дица ният гьабуна как хIалаллъиялъе чури гьабизе».***

Ниятальул суннатаб жо буго чури гьабун лъугIизегIан ният ракIалда кквей.

КIалалъ ният рехсезеги лъикIаблъун бихьизабуна имамзабаз.

**2- Гъумер чури**

***Гьелъул гIорхъи буго:***

***Эхеде-эхебе:*** бетIералъул рас бижине байбихьараб бакIалдаса кIиябго нилъоялъул рукьби лъугIун ккезегIан.

***ГIебеде:*** гIиналдаса гIиналде щвезегIан.

***Гъумералда бижуна 19-го батIияб рас:***

1) 2 - кьенсер
2) 4 -тIелех
3) 2 - къванща
4) 2 - къунщбузда гъоркьехун магжиде щвезегIан расал- عَارِضْ
5) 2 - кIаркьеналъул расал
6) 1 - михъал
7) 2 - михъил рагIалал
8) 1- гъоркьияб кIветIалда бугеб рас
9) 2 - гьелда сверухъ ругел расал
10) 1 – мегеж.

Бихьинчияс, ризаб мегежги *гIаризалги* хутIун цогидабщинаб расалде кибего лъим щвезабизе ккола, гъумералдаса къватIибе баккараб букIа рас яги баккичIеб букIа батIалъи гьечIогун. Ризаб мегежалдаги, ризаб гIаризалдаги загьиралда лъим щвезабуни гIола, гъумералъул гIорхъиялда букIа гьеб яги гIор-хъодаса къватIибе араб букIа.

Руччабаца гъумералда бугеб кинабго расалда лъим щвезабизе ккола.



*( Я, дир Аллагь, Дуе гьабуна дица рукугI, ва Дуде лъуна иманги, ва Дуе мутIигIлъана дун. Дуе хIелана дир рагIинги, дир бихьиги, дир рукьбузул нахги, дир рукьбиги, дир щекIги. Дир кIиябго хIетIеялда тIад бахъунчIараб къаркъала кинабниги гIалам Жинца хьихьулев БетIергьанасе хIелула буго).*

- **РукугIалдаса ворхулаго абила:**

سَمِعَ اللهُ لِمَنْ حَمِدَه

*( Аллагьасда рагIуна (ай, Гьес къабул гьабула) Жиндие рецц гьабурасул рецц).*

- **ИгIтидалда гьабулеб дугIа:**

رَبَّنَا لَكَ الْحَمْدُ مِلْءَ السَّمٰاوٰاتِ وَمِلْءَ الْأَرْضِ وَمِلْءَ مٰا شِئْتَ مِنْ شَيْءٍ بَعْدُ، أَهْلُ الثَّنَاءِ وَالْمَجْدِ أَحَقُّ مٰا قَالَ الْعَبْدُ وَكُلُّنَا لَكَ عَبْدٌ، لَا مٰانِعَ لِمَآ أَعْطَيْتَ وَلَا مُعْطِيَ لِمٰا مَنَعْتَ وَلَا يَنْفَعُ ذَا الْجَدِّ مِنْكَ الْجَدُّ.

*( Я, нижер БетIергьан, Дуе буго рецц зобалги цIураб, ва ракьги цIураб, гьездаса хадуб Дуе бокьанщинаб жоги цIураб. Мун реццалъулги тIадегIанлъиялъулги агьлу вуго. Лагъас абулеб жоялъул бищунго хIакъаб буго: «Ниж киналго Дур лагъзал руго, Дуца кьураб жо нахъе чIвазе кIолев чи гьечIо, Дуца нахъе чIвараб жо кьезе кIолев чиги гьечIо. Дунялалъул тIадегIанлъабазул бетIер-*

اَللّٰهُمَّ بَاعِدْ بَيْنِي وَبَيْنَ خَطَايَايَ كَمَا بَاعَدْتَ بَيْنَ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ، اللّٰهُمَّ نَقِّنِي مِنْ خَطَايَايَ كَمَا يُنَقَّى الثَّوْبُ الْأَبْيَضُ مِنَ الدَّنَسِ، اللّٰهُمَّ اغْسِلْنِي مِنْ خَطَايَايَ بِالْمَاءِ وَالثَّلْجِ وَالْبَرَدِ.

*( Я, дир Аллагь, Дуца дун рикIкIад гьаве дир хатIалъабаздаса Дуца машрикъ магърибалдаса рикIкIад гьабураб гIадин. Я, дир Аллагь, Дуца дун вацIцIад гьаве дир хатIалъабаздаса хъахIаб ретIел чороклъиялдаса бацIцIад гьабулеб гIадин. Я, дир Аллагь, Дуца чуре дидаса дир хатIалъаби лъедалъунги, гIаздадалъунги, цIералдалъунги).*

- **РукугIалда абила 3, 5, 7, 9, 11 нухалъ:**

سُبْحَانَ رَبِّيَ الْعَظِيمِ وَبِحَمْدِهِ

*(Дица вацIцIад гьавиялъ вацIцIад гьавула, дир тIадегIанав БетIергьан, жиндие рекъоларелщинал сифатаздаса ва гьесие реццги гьабула).*

- **Гьелда хадуб гьабулеб дугIа:**

اَللّٰهُمَّ لَكَ رَكَعْتُ وَبِكَ آمَنْتُ وَلَكَ أَسْلَمْتُ خَشَعَ لَكَ سَمْعِي وَبَصَرِي وَمُخِّي وَعَظْمِي وَعَصَبِي وَمَا اسْتَقَلَّتْ بِهِ قَدَمِيَّ لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ.



***Хасго кантIизе ккола:*** къуншбузул халатаб рас бугони гьелде лъим щвезабизе тIадаб буго, гIиналда нахъе жиб бачараб бугониги.

**3- Гъуждул чури**

Гъеж буго килщазул тIогьисан гъажибетIералде щвезегIан бугеб лага. Гьаниб нилъер мурад буго: гIункIрукьалде щвезегIанги ва дагьаб тIаде бакIги.

Гъуждузда бугеб расулъеги лъим щвезабизе ккола, кинаб бугониги (ризаб, лъелъераб…).

Рукь бакьулъан къотIараб бугони, нахъе хутIараб чурун тела. ТIубанго гIункIрукьалде щвезегIан къотIараб бугони гIункIрукьалъул бетIер чуризе ккола. Гьебги къотIун бугони биццатаб гъеж чуризе лъикIаб буго.

**4- БетIералда масхIу гьаби**

БетIералда масхIу гьабизе ккола бетIералъул гIорхъиялда жаниб бугеб расалда, рас гьечIони тIомалда.

БетIералъул гIорхъодаса къватIибе баккараб расалда масхIу гьабуни гьеб гIоларо. Жиб дализе биччани къватIибе баккулеб рас дандеги бакIарун бетIералъул гIорхъода жаниб гьелда масхIу гьабуни гьебги гIоларо.

Биччараб квер тIад лъун, лъулъачIого, цо расниги биччани гьеб гIола. БетIер чурани гьебги бегьула.

**5- ХӀатӀал чури**

ХӀатӀал чуриялъул хӀукму тӀубанго гъуждул чуриялда релъон буго. ХӀатӀилхинкӀалгун цадахъ ва жеги цодагьаб тӀадегӀанги гьел чуризе тӀадаб буго.

Угъдузде кӀвар цӀикӀкӀунги кьезе ккола.

**6- Тартиб**

Гьаб нилъеца тӀадехун бицухъе лугби чуриялъул тартиб цӀунизе ккола.

Нагагьлъун цо лага цогидалдаса цебе чурани, цӀидасан доб лагаялде тӀадеги вуссун, гьебги гьелда хадур ругел лугбиги чуризе ккола.

Гьединго гьабизе ккола каки чурун лъугӀун хадуб лагаялда тӀад батани лагаялде лъим биччалареб жо.

Цо лага тӀубангойищ чурараб яги бащадабищ чурараб щаклъи кканани гьелъул къварилъи гьечӀо. Ният гьабиялъулъ щаклъи ккани, каки чурун лъугьун букӀа яги лъугьинчӀого букӀа, гьелъ асар гьабула. Ай, цӀидасан каки чуризе ккола. Амма гьабураблъи ракӀалде щванани чури цӀидасан гьабиларо.



بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ ۝ اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ۝ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ ۝ مٰلِكِ يَوْمِ الدِّينِ ۝ إِيَّاكَ نَعْبُدُ وَإِيَّاكَ نَسْتَعِينُ ۝ اِهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيمَ ۝ صِرَاطَ الَّذِينَ أَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ غَيْرِ الْمَغْضُوبِ عَلَيْهِمْ وَلَا الضَّالِّينَ ۝

(آمِينَ رَبَّ الْعَالَمِينَ)

*(Дица Аллагьасул цӀаралдалъун байбихьула, дунялалда жив лъикӀасдаги квешасдаги гурхӀулев, ахираталда хасго муъминзабазда гурхӀулев.*
*Щибаб рецц Аллагьасе буго тӀолабго халкъул гӀалам жинца хьихьулев.*
*Дунялалда Жив лъикӀасдаги квешасдаги гурхӀулев, ахираталда хасго муъминзабазда гурхӀулев.*
*Къиямасеб къоялъул бетӀергьанлъун Жив вугев.*
*Дуе буго нижеца лагълъи гьабулеб. Ва Дудасан буго нижеца квербакъиги тӀалаб гьабулеб.*
*Дуца ниж тӀоритӀе битӀараб нухде.*
*Гьеб битӀараб нух жидее нигӀматлъун кьурал чагӀазул нухде.*
*Жидеда ццин бахъарал гурел. Жал битӀараб нухдаса къосаралги гурел).*

- **Имамас алхӀамалда хадуб цӀалулеб дугӀа:**

- **Такбиратул ихIрамалдаса хадуб абила:**

اللهُ أَكْبَرُ كَبِيراً وَالْحَمْدُ لِلّهِ كَثِيراً وَسُبْحَانَ اللهِ بُكْرَةً وَأَصِيلاً

*( Аллагь кIудияв вуго, Аллагьасе гIемераб рецции буго, радал-бакъанида Дуе рекъоларел сифатаздаса мунги вацIцIад гьавула).*

- **Ялъуни важжагьту цIалила:**

وَجَّهْتُ وَجْهِيَ لِلَّذِي فَطَرَ السَّمٰوَاتِ وَالْأَرْضَ حَنِيفًا مُسْلِمًا وَمَآ أَنَا مِنَ الْمُشْرِكِينَ . إِنَّ صَلَاتِي وَنُسُكِي وَمَحْيَايَ وَمَمَاتِي لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ . لَا شَرِيكَ لَهُ وَبِذٰلِكَ أُمِرْتُ وَأَنَا مِنَ الْمُسْلِمِينَ

*( Дица дирго гIибадаталдалъун тIалаб гьабула, зобалги ракьги бижарав, Аллагьасул разилъи. БатIулабщиналдаса хIакъаб диналде вуссун вугеб хIалалъ. МутIигIавлъун вугеб хIалалъ. Дун гьечIо Аллагьасдехун ширк гьабулездасан. ХIакълъунго дир какги, дир гIибадатги, дир чIаголъиги, дир хвелги халкъалъул бетIергьан Аллагьасе буго. Гьесие гIахьалчиги гьечIо. Гьедин дида амруги гьабуна. Дунги гьеб амруялъе мутIигIаздасан вуго).*

- **АлхIам:**

أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ



# Какичуриялъул суннатал жал

Какичуриялъул суннатал жал гIемерал руго. 66 ругилан абунги буго. Нилъеца рехсела аслиял, машгьурал:

1. Къиблаялде вуссин
2. Лъим жинда жанисан хъат цIун босулеб цIарагI бугони, гьеб кварaниса лъей, гьечIони квегIиса лъей
3. *ТагIаввуз* бахъи
4. *Басмалат* бахъи
5. Гьеб кIиябго бахъулаго ракIалъ ***«Дица ният гьабуна какичуриялъул суннатал жал тIуразе»,-*** абун ният гьаби.
6. КIиябго квер чури рищиялде щвезегIан
7. Сивак бахъи
8. КIалдибе ва магIарзухъе лъим боси, цо хъат цIураб лъималдасан, ва гьеб кIиябго рагIаракьанде щвезаби кIал ккурав гьечIони
9. Гьумер чурулаго тIасияб рахъалдасан байбихьи
10. Беразул ракьаназде лъин щвезабун, гьел къачIай
11. Гьумер чурулаго, лъимги босун хъатал гьурмада кьабунгутIи
12. Кверазулги хIатIазулги килщал рикьизе гьари
13. Килщида баргъич бугони гьеб багъаризе гьаби
14. Кваранаб квегIалдаса цебе гьаби
15. Кверaлги хIатIалги чурулаго килщаздасан байбихьи. Цогидас лъим тIола бугони гIункIрукьалдасанги хIатIихинкIаздасанги байбихьи

16.ТIубараб бетIералда масхIу гьаби
17.ГIундузда, жанибги къватIибги, масхIу гьаби
18.ХIатIазде лъим кваранальги тIун квегIалъ лъулъай
19.*Гъурратги тахIжилги* [11] халат гьаби
20.ТIаде лъим тIейгун цадахъ яги тIун хадуб лага лъулъай
21.Чури, масхIу, лъулъай, дугIа лъаб-лъаб нухалъ гьаби
22.ТIатIала гьаби
23.ГIузру гьечIого чияца лъим тIунгутIи
24.Лугби кIорокIунгутIи
25.Лугби рацIцIунгутIи
26.Лъим цо муддалдаса дагьлъунгутIи
27.Бажарухъе тIирабаздаса цIунун чIей
28.Какичурун хутIараб лъималдаса гьекъей
29.Хъублъи щун батилаян щаклъи бачIани тIажуялде лъимги тирщун кIобокIи
30.Щакабги тун якъинаб кквей
31.Ахиралда, къиблаялдеги вуссун, квералги эхеде рорхун, зодире бералги тIамун, дугIа гьаби
32.Какичурун хадуб (إِنَّا أَنْزَلْنَاهُ...) سورة القدر цIали
33.Какичурун хадуб кIиго ракагIаталъул как бай [12]
34.Калам тей.

[11] Гъумер, гъуждул, хIатIал чурулаго паризаяб бакIалдасаги жеги цIикIкIун тIадегIан бакI чури.

[12] «Дица ният гьабуна какичурияльул суннатаб кIиго ракагIаталъул как базе»-ян ниятги гьабун бала гьеб как.



قَدْ قَامَتِ الصَّلَاةُ قَدْ قَامَتِ الصَّلَاةُ
اَللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ
لَآ إِلَهَ إِلَّا اللهُ

- **Как ахIун хадуб гьабулеб дугIа:**

اَللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَسَلِّمْ
اَللَّهُمَّ رَبَّ هَذِهِ الدَّعْوَةِ التَّامَّةِ وَالصَّلَاةِ الْقَائِمَةِ، آتِ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا الْوَسِيلَةَ وَالْفَضِيلَةَ، وَابْعَثْهُ مَقَامًا مَحْمُودًا الَّذِي وَعَدْتَهُ،
أٰمِينَ، إِنَّكَ لَا تُخْلِفُ الْمِيعَادَ .

*( Я, гьаб т1убараб ах1ияльул Бет1ергьан ва г1уж щвараб гьаб какалъулги Бет1ергьан, Дуца Мух1аммадие ﷺ кье василат ва хиралъи, Дуца гьевги вахъине гьаве къиямасеб къоялъ Дуца гьесие къот1и гьабураб беццараб бак1алде. Дуца къабул гьабе, х1акълъунго Мун къот1иялъе хилифлъи гьабуларев вуго).*

[ *Беццараб бакI* – шафагIат гьабизе изну.
*Василат* – алжаналда бугеб тIадегIанаб бакI].

*Какде рачIа –2 нухалъ,*
*ТалихI, хвасарлъи босизе рачIа – 2 нухалъ,*
*( как макьуялдаса лъикIаб буго) – 2 нухалъ,*
*Аллагь кIудияв вуго – 2 нухалъ,*
*Жиндие лагълъи гьабизе кколеб зат батун гьечIо цо, вати тIадав, Аллагь гурого).*

- **Къамат гьабилелде цебе гьабулеб дугIа:**

اَللّٰهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ الْعَفْوَ وَالْعَافِيَةَ وَالْمُعَافَاةَ الدَّائِمَةَ فِي الدِّينِ وَالدُّنْيَا وَالْأَهْلِ وَالْمَالِ وَالْأَوْلَادِ.

*( Я, дир Аллагь, дица Дудасан гьарула тIаса лъугьин, даимаб унти-балагьалдаса хвасарлъи диналъулъги, дунялалъулъги, агьлуялъулъги, боцIи-малалъулъги, лъималазулъги).*

- **Къамат гьаби:**

[اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلٰى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلٰى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَسَلِّمْ]

اَللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ

أَشْهَدُ أَنْ لَآ إِلٰهَ إِلَّا اللهُ

أَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ

حَيَّ عَلَى الصَّلَاةِ

حَيَّ عَلَى الْفَلَاحِ



## Какичуриялъул карагьатал жал

Какичуриялъул суннатал гIамалазул цIикIкIарасел жал гьаричIого тей карагьатаб буго.

Гьезде тIадеги цIакъго карагьатаб буго *исраф* гьаби. Гьеб ккола, хIажатги гьечIого, лъабгоялдаса цIикIкIун нухалъ лага чури яги лъим цIакъго цIикIкIун хвезаби.

Гьединго карагьатаб буго лъалаго лъабгоялдаса дагь чурун тезеги.

## Какичури биххизе гьабулел жал

Какичури биххизе гьабулел жал 5 руго:

1. КIиябго нухалъул цоялдасан къватIибе кинаб бугониги жо бачIин, мани хутIизегIан
2. РохокъотIиги щула гьабичIого кьижи
3. Лъавудаса ин
4. Жанисеб хъаталдалъун инсанасул гIавратал-да хъвай
5. МахIрамияй гурей чIужугIаданалда тIом хъвай.

## Какичури биххиялдалъун хIарамлъулел жал

Какичури биххиялдалъун хIарамлъулел жал 5 руго:

1. Как бай
2. Къуръан цIалиялъул яги щукруялъул сужда гьаби
3. Рузманалъул хутIба гьаби
4. ТIаваф гьаби
5. Къуръаналда квер хъвай ва гьеб баччи, кодобе боси.



- **Как ахIи:**

اَللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ

اَللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ

أَشْهَدُ أَن لَّآ إِلٰهَ إِلَّا اللهُ

أَشْهَدُ أَن لَّآ إِلٰهَ إِلَّا اللهُ

أَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا رَّسُولُ اللهِ

أَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا رَّسُولُ اللهِ

حَيَّ عَلَى الصَّلَاةِ حَيَّ عَلَى الصَّلَاةِ

حَيَّ عَلَى الْفَلَاحِ حَيَّ عَلَى الْفَلَاحِ

(اَلصَّلَاةُ خَيْـرٌ مِنَ النَّوْمِ اَلصَّلَاةُ خَيْـرٌ مِنَ النَّوْمِ)

اَللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ

لَآ إِلٰهَ إِلَّا اللهُ.

*(Аллагь сундасаго кIудияв, тIадегIанав вуго - 4 нухалъ,
Дица нугIлъи гьабула лагълъи гьабизе ккун лагълъи гьабизе кколеб зат батун гьечIо абун цо, вати тIадав,
Аллагь гурого – 2 нухалъ,
Дица нугIлъи гьабула хIакълъунго МухIаммад (с.т.гI.в.) Аллагьасул, халкъалде дин малъизе витIарав илчи вукIиналда – 2 нухалъ,*

أَشْهَدُ أَن لَّآ إِلَٰهَ إِلَّا ٱللهُ وَحْدَهُ لا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اَللّٰهُمَّ اجْعَلْنِي مِنَ التَّوَّابِينَ وَاجْعَلْنِي مِنَ الْمُتَطَهِّرِينَ وَاجْعَلْنِي مِنْ عِبَادِكَ الصَّالِحِينَ. سُبْحَانَكَ اللّٰهُمَّ وَبِحَمْدِكَ. أَشْهَدُ أَن لَّآ إِلَٰهَ إِلَّا أَنْتَ أَسْتَغْفِرُكَ وَأَتُوبُ إِلَيْكَ.

وَصَلَّى اللهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَىٰ آلِهِ وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ.

( *Дица нуг1лъи гьабула лагъли гьабизе кколеб зат батун гьеч1ин абун Аллагь гурого, Жив цо вугев, Жиндие г1ахьалчи гьеч1ев, ва гьединго нуг1лъи гьабула Мух1аммад ﷺ Аллагьасул илчи вук1иналда ва Гьесул лагъ вук1иналдаги.*

*Я, дир Аллагь, Дуца дун гьаве тавбу гьабулездасан ва рац1цIалъи гьабулездасан ва Дур лъик1ал лагъзаздасанги. Дуе рекъоларел сифатаздаса дица Мун вац1цIад гьавула ва Дуе реццги гьабула. Дица нуг1лъи гьабула Мун гурого лагълъи гьабизе кколеб зат гьеч1олъиялда ва дица Дудасан мунагьал чури т1алаб гьабула, дун Дудеги вуссуна.*

*Аллагьас ссалат лъейги нилъер саййид МухIаммадида,гьесул агьлуялдаги ва гьесул асхIабзабаздаги саламги лъейги*).



# ЧЕРХ ЧУРИ

Черх чуризе тIад гьабулел жал 6 руго.

Гьезул лъабгояб буго ***бихьиназеги руччабазеги гIахьалаб:***

1. ХIашафат къубул, дубуралде жанибе лъугьин
2. Мани бачIин
3. Хвел

Гьезул лъабгояб буго ***гIицIго руччабазда хасаб:***

1. ХIайз
2. Нифас
3. Лъимер гьаби.

## Черх чуриялъул фаризаял жал

Черх чуриялъул фаризаял жал 2 руго:

1. Ният гьаби: ***«Дица ният гьабуна фаризаяб черх чуризе»***
2. Кинабниги расалъул загьиралдеги батIиналдеги ва кинабго тIомалъул загьиралдеги лъим щвезе гьаби

## Черх чуриялъул суннатал жал

Черх чуриялъул суннатал жал гIемер руго. Нилъеца рицина цодагьал:

1. Мани бачIарав вугони черх чуриялда цебе гьитIинаб хIажат тIубай
2. Къиблаялде вуссин

3. КIиябго хъат чурулаго *тагIаввузги басмалат*-ги бахъи
4. *Мазмазат истиншакъ*[13] гъаби
5. Гьелда цебе какичури
6. Лугби лъулъай
7. ТIаде лъим тIун черх чурулев вугони квараnаб рахъ квегIалдаса цебе чури
8. Лъабго нухалъ чури
9. Лъим цо сахIалдаса (≈2,5л.) дагьлъунгутIи
10. Рес букIаго кIобокIи, бацIцIин, чидар кумек, кIалъай тей
11. ЧIараб лъелъ черх чурунгутIи цIакъго гIемералъулъ гурого
12. Черх чурун хадуб, какичуриялда хадуб гьабулеб дугIа гьаби ва как бай.

## Черх чуризе ккарав чиясе хIарамлъулел жал

1. Как бай
2. ТIаваф гьаби
3. ХутIба гьаби
4. Къуръаналда хъатIи ва баччи
5. МацIалъ Къуръан цIали
6. Масжидалда жанив чIей, амма масжид къотIун цоги рахъалде ине бегьула.

[13] КIалдибе, магIарзухъе лъим босун, гьел чурун рацIцIад гьари.



*( Я, дир Аллагь, дир гIамал хъвараб кагъат дихъе дир квегIаб рахъалдасан ва дир мугъалда нахъасанги къоге).*

- **БетIералда масхIу гьабулаго гьабулеб дугIа:**

اَللّٰهُمَّ حَرِّمْ شَعْرِي وَبَشَرِي عَلَى النَّارِ

*( Я, дир Аллагь, Дуца дир расги черхги жужахIалъул цIаялъе хIарам гьабе).*

- **ГIиндузда масхIу гьабулаго гьабулеб дугIа:**

اَللّٰهُمَّ اجْعَلْنِي مِنَ الَّذِينَ يَسْتَمِعُونَ الْقَوْلَ فَيَتَّبِعُونَ أَحْسَنَهُ

*( Я, дир Аллагь, Дуца дун гьаве бицаралъухъ гIинги тIамулел ва гьелъул лъикIалда нахъги рилълъунездасан).*

- **КIиябго хIетIе чурулаго гьабулеб дугIа:**

اَللّٰهُمَّ ثَبِّتْ قَدَمَيَّ عَلَى الصِّرَاطِ يَوْمَ تَزِلُّ فِيهِ الْأَقْدَامُ

*( Я, дир Аллагь, дир кIиябго хIетIе сиратIалда тIад щулаго чIезе гьабе, гьениса хIатIал хъуштIулеб къоялъ).*

- **Каки чурун хадуб квералги эхеде рорхун зодивеги валагьун гьабулеб дугIа:**

اَللّٰهُمَّ أَعِنّي عَلٰى ذِكْرِكَ وَشُكْرِكَ وَحُسْنِ عِبٰادَتِكَ

*( Я, дир Аллагь, Дуца дие квер бакъе мун рехсезе, Дуе щукру гьабизе, Дуе берцинаб гIибадат гьабизеги).*

- **МагIарзухъе лъим босулаго гьабулеб дугIа:**

اَللّٰهُمَّ أَرِحْنِي رٰائِحَةَ الْجَنَّةِ

*( Я, дир Аллагь, Дуца дида алжаналъул махI чIвазе гьабе).*

- **Гьумер чурулаго гьабулеб дугIа:**

اَللّٰهُمَّ بَيِّضْ وَجْهِي يَوْمَ تَبْيَضُّ وُجُوهٌ وَتَسْوَدُّ وُجُوهٌ

*( Я, дир Аллагь, Дуца дир гьумер хъахI гьабе, гьурмал чIегIерлъулебги хъахIлъулебги къоялъ).*

- **Кваранаб гъеж чурулаго гьабулеб дугIа:**

اَللّٰهُمَّ أَعْطِنِي كِتٰابِي بِيَمِينِي وَحٰاسِبْنِي حِسٰابًا يَسِيرًا

*( Я, дир Аллагь, дир гIамал хъвараб кагъат дихъе дир кваранаб рахъалъан кье ва дие хIисабги бигьа гьабе).*

- **КвегIаб гъеж чурулаго гьабулеб дугIа:**

اَللّٰهُمَّ لَا تُعْطِنِي كِتٰابِي بِشِمٰالِي وَلَا مِنْ وَرٰاءِ ظَهْرِي



# 2 БУТIА
# КАК БАЙ

# КАК БАЙ

Какалъе руго шурутIал, арканал, сунатал, карагьатал гIамалал, адабал.

## Какил шурутIал

Какил шурутIал 2 батIиял руго:
1. Как тIалъиялъе ругел шартIал
2. Как бегьиялъе ругел шартIал.

### Как тIалъиялъе ругел шартIал

Как тIалъиялъе буго 4 шартI:
1. Бусурманлъи
2. Балугълъи
3. ГIакълуялда вукIин
4. ХIайз нифасалдаса яцIцIад йикIин.

### Как бегьиялъе ругел шартIал

Как бегьиялъе шартIал 5 руго:
1. ГIуж лъай
2. Къиблаялде вуссин
3. ГIаврат бахчи
4. КIудияб букIа гьитIинаб букIа чури биххиялдаса вацIцIад вукIин
5. РетIел, къаркъала, как балеб бакI, нажаслъиялдаса бацIцIад букIин



الأَذْكَارُ وَالأَدْعِيَة

- **Халаалде жаниве лъугьунаго бацIцIадаб бакIалдаги чун гьабулеб дугIа:**

بِسْمِ اللهِ، اَللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْخُبُثِ وَالْخَبَائِثِ

*(Дица Аллагьасул цIаралдалъун рацIцIалъи тIалаб гьабула; я дир Аллагь дица Дудалъун цIуни гьарула бихьиналги цIоялги жундуздаса).*

- **Халаалдаса къватIиве вачIаравго бацIцIадаб бакIалдаги чIун гьабулеб дугIа:**

غُفْرَانَكَ، الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَذْهَبَ عَنِّي الْأَذَى وَعَافَانِي

*(Я, Аллагь, Дуца дир мунагьал чуре, щибаб рецц Аллагьасе буго Жинца дида тIаса зарал ине гьабурав ва дунги сах гьавурав).*

- **КIиябго квер чурулаго гьабулеб дугIа:**

اَلْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَنْزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً طَهُورًا . اَللَّهُمَّ احْفَظْ يَدَيَّ مِنْ مَعَاصِيكَ كُلِّهَا

*(Зодисан жинца жо бацIцIад гьабулеб лъим рещтIине гьабурав Аллагьасе рецц буго. Я, дир Аллагь, Дуца дир кIиябго квер цIуне дудехун кинабгIаги магIсият гьабиялдаса).*

- **КIалдибе лъим босулаго гьабулеб дугIа:**

# 3 БУТIА

# ДУГIАБИ ВА АЗКАРАЛ



## Какил арканал

***Рукну*** буго, жиб гьечIого яги жиндие зарал ва мукъсанлъи гьабун гIамал рикIкIунареб жо, гIамалалдаго жаниб жибги бугеб.

***Какил арканал 13 руго:***

1. РакIалъ ният гьаби
2. Как бухьиналъул такбир аби « اَللّٰهُ أَكْبَرُ »
3. ВахъунчIей
4. АлхIам цIали
5. *РукугI* гьаби
6. *ИгIтидалалде* ворхи
7. КIиго нухалъ сужда гьаби
8. КIиябго суждаялда гьоркьов гIодов чIей
9. Ахирисеб *ташагьгьуд* цIали
10. Ахирисеб *ташагьгьудалъе* гIодов чIей
11. Гьеб гIодовчIеялъулъ Аварагасде (с.т.гI.в.) *ссалат* битIи
12. Цо нухалъ салам кьей
13. Гьаб бицараб къагIидаялъ тартиб цIуни

### 1. Ният гьаби

Ниятальул бакI ракI буго.

***Гьелъул фаризаял жал руго:***

1. Къасд гьаби (дица ният гьабуна)
2. Баян гьаби (къалъулищ, бакъанилищ…)
3. Фаризаяб бугеблъи рехсей
4. Как бухьиналъул такбиралда хурхине гьаби

*Гьелъул суннатал жал:*

1. МацІалъ аби такбиралда цебе
2. Аллагьасде гІунтІизе гьаби
3. Къиблаялде вуссунин абун рехсей
4. РакагІатазул къадар рехсей

**2. Как бухьиналъул такбир аби (اَللّٰهُ أَكْبَرُ)**

*Гьелъул фаризаял жал:*

1. ХІалкІолев чияс гІарабалъ аби
2. Къалеб къан, цІалеб цІан лафз битІун аби
3. Жиндаго рагІунеб хІалалда аби
4. Нияталда хурхине гьаби
5. Къиблаялде вуссун аби
6. КІиябго лафз гьоркьоб лъалхъичІого аби
7. ВахъунчІун аби.

**3. ВахъунчІей**

*Гьелъул фаризаяб жо:*

Мугъ битІизабун вахъунчІей буго, жиндир сахлъиялда рекъон.

**4. АлхІам цІали**

*Гьелъул фаризаял жал:*

1. ГІараб мацІалъ букІин
2. МагІна хисизабулеб гъалатІ гьабунгутІи
3. Жиндаго рагІизабун цІали
4. Тартиб цІуни
5. ТІатІала цІали



# Как батІул гьабулел жал

Как батІул гьабулел жалалъул лъабго тайпа буго:

1. Какил шурутІаздасан шартІ хвей
2. Какил рукнабаздасан рукну хвезаби, къавлияб букІа фигІлияб букІа рукну камизаби, фигІлияб рукну тІаде цІикІкІинаби
3. Какилъ нахъчІварал жалаздасан цоябгІаги гьаби

***Какилъ нахъчІварал жал гьал руго:***

1. КІудияб букІа, гьитІинаб букІа чури биххи
2. Черхалде букІа, ретІелалде букІа, как балеб бакІалде букІа нажаслъи тІаде бачІин
3. ГІаврат загьирлъи
4. Бокьун, хІарамаб букІинги лъан, Къуръан, зикру, тасбихІ, дугІа гуреб жинца магІнаги кьолеб цо хІарфцин аби яги магІна кьолареб кІиго хІарф аби. БатІалъи гьечІо: велъун, гІодун, угьдун, ухІудун, гьакІкІадун, пун загьирлъараб бугониги гьеб кІиго хІарф
5. КІудияб лагаялдалъун лъабго яги цІикІкІун нухалъ тІатІалаго вагъари
6. КІал биххизабулел жал
7. Керен къиблаялдаса кьури
8. Как биххизабизе къасд гьаби
9. Капурлъи

13.ГIузру гьечIого халатго вуцIунчIей
14.МацI лъаларес магIна бугеб ишара гьаби
15.Килщал чIваркьизари, гьел цуцалъе лъугьинари
16.Цебехун яги кваранидехун хIацIу туй
17.Гьал бакIазда как бай:

- базар,
- масжидалъул азбар,
- хIамам, гIадамал хьвадулеб нухда,
- рощногохIда,
- бацIцIадаб бугониги боцIи хъолеб бакIалда,
- рацIцIадал ругониги варанаби гъолел бакIазда,
- цогидал диназул гIибадат гьабулел бакIазда,
- хабзал,
- кIкIалазда жаниб,
- мехтел бичулеб бакIалда,
- хIарамал хIаял хIалеб бакIалда,
- хоб къиблаялдехун ккезеги гьабун, гьелдехун вуссун как бай.



***Гьелъул суннатал жал:***

1. Щибаб аяталда гьоркьоб хIухьел босизе чIей
2. Гьелда хадуб «آمين» аби, «رَبِّ الْعَالَمِينَ» -ги тIаде жубала
3. «رَبِّ الْعَالَمِينَ» хадуб къуръаналдасан сурат цIали
4. Важжагьтуялдаги тагIаввузалдаги, тагIаввузалдаги басмалаталдаги, басмалаталдаги алхIамалдаги, алхIамалдаги аминалдаги, аминалдаги сураталдаги гьоркьоб «سُبْحَانَ اللَّهِ» абизегIанасеб заманаялъ лъалхъи.

## 5. РукугI

***Гьелъул фаризаял жал:***

1. Жанисел хъатал накабазде щвезегIан гIодове къули
2. РукугIалъул къасдалда гIодове къули
3. Гьениб хIалхьизе чIей

***Гьелъул суннатал жал:***

1. «اَللّٰهُ أَكْبَرُ» - аби
2. Кверал рорхи
3. Мугъги, габурги, махIабиги ритIизари
4. Бихьинчиясе гIункIрукьал хьалбаздаса ратIа гьари, руччабазе гIункIрукьал хьалбазда цузе гьари
5. ТасбихI гьаби سُبْحَانَ رَبِّيَ الْعَظِيمِ وَ بِحَمْدِهِ
6. ДугIа гьаби ...اَللّٰهُمَّ لَكَ رَكَعْتُ

## 6. ИгІтидал (РукугІалдаса ворхи)

***Гьелъул фаризаял жал:***

1. ИгІтидалалъул къасдалда тІаде ворхи
2. КъиямалдавукІараб къагІидаялъ вахъунчІей [14]
3. Гьениб хІалхьизе чІей
4. Халат гьабунгутІи

***Гьелъул суннатал жал:***

1. КІиябго квер борхи
2. «سَمِعَ اللَّهُ لِمَنْ حَمِدَهُ» - аби
3. ТІаде ворхиидал дугІа гьаби
4. Магьдина цІалулел каказда магьдина цІали

## 7. КІицІул сужда гьаби

***Гьелъул фаризаял жал:***

1. Суждаялъул къасдалда гІодове ин
2. 7 лагаялда сужда гьаби
3. Нодо гІицІ гьаби ва гьелде хІал биччай
4. БетІералдаса нахъидаб рахъ борхун букІин
5. Жив вагъарани багъарулеб ретІараб жоялда тІад гьабунгутІи
6. Гьенив хІалхьизе чІей

***Гьелъул суннатал жал:***

1. «اَللَّهُ أَكْبَرْ» - аби
2. Тартиб гьаби, ай цин кІиябго наку лъела гІодоб, хадуб кІиябго квер, хадуб нодо
3. МегІер гІодоб цузе гьаби

[14] АлхІам цІалулаго вукІараб хІалалда витІун чІей.



# Какилъ карагьатал жал

Какил карагьатал жал ккола, шаргІалъ жал теялде нилъ гьесизеги гьарулел, жидеца как хвезеги гьабуларел, амма кири мукъсан гьабулел гІамалал.

Какилъ карагьатал жал гІемер руго. Гьел руго кІиго тайпаялда:

1. Цере рицарал суннатал гІамалал гьаричІого тей
2. Дол гурел цогидал, жалго жидеда чІарал, гІамалал

***Нилъеца рицина гьезул кІвар бугел:***

1. ХІажат гьечІого бетІер рахъ-рахъалде буссинаби
2. Зодиве валагьи
3. Какалдаса машгъул гьабулеб жоялде балагьи
4. Рас нахъехун бегизаби ва хІажат гьечІого ратІлил рагІалал гури яги цоцада жаниб тІами
5. ХІажат гьечІого кверал рачелкъаялда лъей
6. ХІажат гьечІого квер кІалалда чІвай
7. Нодо чІвалеб бакІалдаса чІимхал нахъе гьарула, ракь битІизабула вукІин
8. ГІузру гьечІого цо хІатІида чІей
9. ЦІакъго цо квеналде яги гьекъелалде хиял лъун букІадго как бай
10. Чурибиххиялъ хІал гьабулаго как бай
11. Кутакакалда макьихун вукІаго как бай
12. РукугІалъулъ цІакъго бетІер къулизе гьаби.

килщалги рагьун, квегIаб мачIчIалда тIад лъей
23. Ахирисеб ташагьгьудалда хадуб كَمَا صَلَّيْتَ цIали ва гьелдаги хадуб диналъул букIа дунялалъул букIа пайдаги гьарун дугIа гьаби
24. КIиабилеб салам кьей
25. Какилъ хушугIалда вукIин.

### Какалда хадур ругел суннатал

1. Азкарал ва дугIа гьаби
2. Фаризаяб как бараб бакIалдаса суннатаб как базе бакI хиси
3. Азкаралги, дугIаги лъугьун хадуб тIоцеве имам тIаде вахъин, хадур маъмумзаби. Гьенир руччаби ругони имамас салам кьурабго гьел къватIире рахъин.



4. КIиябго хъат гъажибутIрузда дандбитIунги лъун, гIункIрукьал хьалбаздаса ва ракьалдаса ратIаги гьарун, чехьги мачIабаздаса ратIа гьарун, накабиги хIатIалги рокьоялъ цоцаздаса ратIаги гьарун, кверазул килщал цоцазде дандеги къан, къиблаялдеги руссинарун лъей
5. ТасбихI гьаби سُبْحَانَ رَبِّيَ الْأَعْلَى وَبِحَمْدِهِ
6. ДугIа гьаби اللَّهُمَّ لَكَ سَجَدْتُ...

### 8. КIиябго суждаялда гьоркьов гIодовчIей

***Гьелъул фаризаял жал:***

1. Гьелъул къасдалда тIаде ворхи
2. Халат гьабунгутIи
3. Гьениб хIалхьизе чIей
4. Мугъ битIизе гьабун камилаб гIодовчIей гьаби.

***Гьелъул суннатал жал:***

1. «اَللهُ أَكْبَر» - аби.
2. Ифтирашалда гIодовчIей
3. Кверал мачIабазда тIад лъей
4. ДугIа гьаби

КIиябго суждаялда хадуб цогидаб ракагIаталъе тIаде вахъунев вугони гьенибги гьадабго къагIидаялъ суннатаб буго جَلْسَةُ الِاسْتِرَاحَةْ гьабизе.

### 9. Ташагьгьудалъе гIодовчIей

Ахирисеб ташагьгьудалъе гIодовчIей фарз рукну буго. Кинаб къагIидаялъ гIодовчIунги гIодовчIезе ккола.

***Гьелъул суннатал жал:***

1. *Таваррукалъул* къагIидаялда гIодов чIчIей

2. КIиябго квер мачIабазда тIад, накабазда гIагарда лъей. КвегIаб, килщалги рагьун гьел цоцаде дандеги къан, къиблаялдеги руссине гьарун. Кваранаб кверальул тасби-хIалъул килищ хутIун цогидалги данде къан, тасбихIалъул килищ къиблаялде бу-ссинабун букIина. КIудияб килищ гьелда гъоркь цузабун букIина. إِلَّا اللَّهُ алъул гьамза (إِ) абулаго *мусаббихIат* [15] дагьабго гьетIизеги гьабун борхила ва гьелдеги валагьила ва гьедин букIина салам кьезегIан, яги тIаде вахъинегIан.

## 10 . Ташагьгьуд

***Гьелъул фаризаял жал:***

1. Къалеб къан, цIалеб цIан битIун цIали
2. ТIатIала цIали
3. Жиндирго хасал лафзал цIали
4. Жиндаго рагIизабун цIали
5. ГIодовчIун цIали
6. Лъалеб бугони гIарабалъ цIали, гьечIони таржама цIалила

МагIна хисизабулареб къагIидаялъ тартиб хисизабизе бегьула, амма магIна хисизабуни бегьуларо. أَن لَّا إِلَهَ -алдаги, ва مُحَمَّدًا رَّسُولُ اللّٰهِ -алдаги идгъам гьабизе ккола.

[15] ЧIикIарулеб килищ, ишараялъул килищ.



11. РукугIалдеги суждаялдеги инаго ва суждаялдаса ворхулаго «اَللَّهُ أَكْبَر» аби
12. РукугIалдаги суждаялдаги тасбихI дугIа гьаби
13. ИгIтидалалда «سَمِعَ اللَّهُ لِمَنْ حَمِدَهُ» аби ва дугIа гьаби
14. Сужда гьабулелъул тIоцере накаби лъей, цинги кIиябго хъат, цинги нодо лъей
15. Сужда гьабулелъул мегIер ракьалда цузаби
16. РукугIалдаги суждаялдаги, бихьиназ, гIункIрукьал хьалбаздаса ратIа гьари. Суждаялда чехь мачIабаздаса батIа гьаби. Руччабаз гьелъул гIаксалда гьел киналго цузари
17. ТIоцебесеб ташагьгьудалдаги кIиябго суждаялда гьоркьобги ифтирашалда гIодовчIей. Ахирисеб ташагьгьудалда таваррукалда гIодовчIей
18. КIиябго суждаялда гьоркьоб гIодовчIеялъулъ дугIа гьаби
19. Щибаб ракагIаталда кIиябго суждаги гьабун тIаде вахъиналда цебе جَلْسَةَ الإِسْتِرَاحَةَ гьаби
20. КIиябго суждаялда гьоркьоб гIодовчIеялъулъ кверал мачIчIабазда тIад лъей накабазда дандритIун
21. Цогидаб ракагIаталъе тIаде вахъунаго кIиябго хъатги ракьалда лъун, гьезде хIалги биччан, вахъи
22. Ташагьгьудалъулъ кваранаб квер кваранаб мачIчIалда тIад лъей, мусаббихIат хутIизегIан хутIарал килщалги данде къан. МусаббихIаталъ ишара гьаби. КвегIаб квер,

## Какил абгIазал

1. ТIоцебесеб ташагьгьудалъе гIодовчIей
2. ТIоцебесеб ташагьгьуд цIали
3. ТIоцебесеб ташагьгьудалда хадуб Аварагасде (с.т.гI.в) ссалат битIи
4. КIиабилеб ташагьгьудалда хадуб агьлуялде ссалат битIи
5. Магьдина цIали
6. Магьдинаялъе вахъунчIей
7. Магьдинаялда хадуб Аварагасде ﷺ ва гьесул агьлугун асхIабзабаде ссалат-салам битIи

## Какил гьайъатал

1. Как бухьунелъулги, рукугIалде иналда аскIобги, гьениса ворхулагоги, тIоцебесеб ташагьгьудалдаса вахъунагоги кверал рорхи
2. Кваранаб квер квегIалда тIад, каранда гъоркь, цIиноялда тIад лъей
3. Как лъугьизегIан сужда гьабулеб бакIалде валагьи, ташагьгьудалъулъ хутIун
4. *Важжагьту* цIали
5. *ТагIаввуз* бахъи
6. ЦIалулеб жоялъул пикру гьаби
7. ТIатине гьабулеб бакIалда тIатине гьаби балъго гьабулеб бакIалда балъго гьаби
8. АлхIам цIалун хадуб «آمِين» аби
9. ТIоцебесеб кIиго ракагIаталъул алхIамалда хадуб сурат цIали
10. ТIоцебесеб ракагIаталъул сурат халат гьаби кIиабилелдаса



## 11. (Аварагасде) Ссалат битIи

***Гьелъул фаризаял жал:***

1. Жиндирго нафсалда рагIине гьаби
2. ГIодовчIчIей
3. Ташагьгьудалда хадуб ккей
4. Жиндирго хасаб лафз аби اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلٰى مُحَمَّدٍ
5. ГIараб мацIалда букIин
6. Тартиб цIуни

***Гьелъул суннатал жал:***

1. Ахирисеб ташагьгьудалда аварагасул агьлуялде ссалат битIи: «وَعَلٰى آلِ مُحَمَّدٍ» абун. Гьелде тIаде كَمَا صَلَّيْتَ ги цIализе
2. Ссалаталда хадуб дугIа гьабизе اَللّٰهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ ...

ГIалимзабаз лъикIаблъун бихьизабуна ссалаталда жаниб «سَيِّدِنَا» -ги цIикIкIинабизе.

## 12. Салам кьей (цо нухалъ)

Гьелъул фаризаял жал:

1. «أَلْ» -гун аби: اَلسَّلَامُ عَلَيْكُمْ
2. КIиябго калимаялда гьоркьобе калам ккезе гьабунгутIи
3. ТIатIала аби
4. Керен къиблаялдеги буссинабун аби
5. ГIодовчIун аби
6. Жиндаго рагIулеб хIалалъ, гьалатI гьечIого аби.

***Гьелъул суннатал жал:***

1. КIиабилеб салам кьей

2. Салам кьолаго жиндир кIиябго рахъалда ругел малаикзабазеги, муъминзабазеги, муъминал жундузеги кьезе абун ният гьаби
3. Халат бахъинабичIого хехго кьей



## Какил суннатал жал

Какил суннатал жал руго 3 батIиял:

1. Как баялда цере ругел
2. Какда жанир ругел
3. Какда хадур ругел

### Как баялда цере ругел суннатал

1. Как ахIи
2. Къамат гьаби
3. Цебе сутрат кквей
4. Как базе гъираялда вахъин
5. Сивак бахъи
6. Ратибатал ругел каказе ратибат бай

### Какилъ жанир ругел суннатал

Какилъ жанир ругел суннатал кIиго батIиял руго:

1. АбгIазал أَبْعَاضٌ
2. Гьайъатал هَيْئَاتٌ

***АбгIазал*** ккола кIудиял, кIвар бугел суннатал. Нагагьлъун жал гьаричIого хутIани как холарел, амма сагьвиллъиялъул сужда (سُجُودُ السَّهْوِ) гьабизе суннатал.

***Гьайъатал*** ккола гьитIинал суннатал, жидее гIоло сужда гьабуларел.